Ленинграддэсхэр къэзыхъума щIакхъуэ Iыхьэр

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

ПащIэ Бэчмырзэ и тхыгъэхэм къоджэ

4-нэ нап.

Шынагъуэншэ зекIуэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№10 (24.216) ● 2026 гъэм щIышылэм (январым) и 29, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

ЩIыхубэм я зэкъуэтыныгъэрщ ди плъапIэр

Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымрэ пыщIа Iуэхухэр зи пщэ илъ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и япэ зэIущIэр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ. А илъэсыр къэралым щыгъэлъэпIэным теухуа унафэ Урысейм и Президентым къыдигъэкIауэ щытащ 2025 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, Къэбэрдей-Балъкъэрым къегъэщIылIа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Васильченкэ Дмитрий**.

Республикэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтщ къэрал властым, щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм, хъыбарегъащIэ IэнатIэм я лIыкIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр.

ЗэIущIэм хэтхэм защыхуигъазэм, **КIуэкIуэ Казбек** жиIащ:

- Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым хыхьэ Iуэхухэр щедгъэкIуэкIкIэ, шэч хэмылъу, абы къыхэтшэн хуейщ жылагъуэр, IуэхущIапIэхэмрэ республикэм щыпсэухэмрэ. Дэ ди къалэныр а лэжьыгъэшхуэр тэмэму зэтедухуэнырщ, зэкIэлъыдгъэкIуэнырщ, Iуэхухэр Iэтауэ екIуэкIыныр къызэдгъэпэщынырщ.

Абы къыдэкIуэу, КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым теухуауэ къэщта къалэнхэми я пIалъэр зэримыкIар – дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ защIэгъэкъуэныр властым и IэнатIэ псоми жылагъуэми я пщэрылъ нэхъыщхьэу къызэрынэжыр.

- Лъэпкъ куэдым щыщхэу зэуапIэ губгъуэм зызэщIагъакъуэу итхэм я зэкъуэтыныгъэрщ дэ зыхэтлъагъуэр Урысейм и цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэри икIи ТекIуэныгъэрщ ди зэхуэдэ плъапIэр. Илъэсыр зыхухахар тхыдэм зэришэлIа ди нэхъыжьхэм зэдэарэзыуэ ящIа унафэм къэралым, абы ис дэтхэнэ лъэпкъми я дежкIэ зыхуэмыжынымкIэ, зыужьынымкIэ, ди къэкIуэнумкIэ къызэрымыкIуэу мыхьэнэшхуэ зэриIэр иджыри зэ къыхэгъэщынырщ. Абы къыщыщIедзэ ди Конституцэм. Урысейр лъэпкъхэм илъэс минхэм къыздыпхаха зэгухьэныгъэщ.

Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым къриубыдэу республикэм щрагъэкIуэкIынухэм зэрызыхуагъэхьэзыр щIыкIэм теухуауэ къэпсэлъащ лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ министр **КIурашын Анзор**, щэнхабзэмкIэ министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Мы зэманым ирихьэлIэу программэм и проектыр зэхагъэуващ, абы Iуэху 360-рэ хэтщ – зэIущIэхэр, фестивалхэр, конференцхэр, нэгъуэщI куэди. А Iуэхухэм къыхыхьэнущ республикэм и щIыналъэ, къалэ округ псори.

Илъэсым хыхьэу къызэрагъэпэщыну дауэдапщэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и ЩIыдэлъху лъэпкъ мащIэхэм я махуэу ягъэува мэлыжьыхьым и 30-м, Урысейм ис лъэпкъхэм я бзэхэм я махуэ фокIадэм и 8-м зэхэтынухэр. А махуитIри Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ ягъэуvауэ щытащ 2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м.

Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым мазаем икухэм Iэтауэ къыщызэIухыну траухуащ.

Яубзыхуа Iуэхухэм, ахэр зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэм теухуа я Iуэху еплъыкIэхэр къагъэлъэгъуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, «Къэрэшей-балъкъэр щIалэгъуалэм зегъэужьыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ «Эльбрусоид» фондым и Налшык къудамэм и унафэщI **Анаев Марат**, «Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» зэгухьэныгъэм» и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Литвинов Роман**.

КъызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэм программэм и проектым щыгъуазэ защIынущ, иужькIэ езыхэм я жэрдэмхэри къыхалъхьэнущ.

Республикэм и Iэтащхьэм жиIащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр зэрыхуэфащэнкIэ Iэтауэ, зэгурыIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм зэрырагъэкIуэкIынум шэч къызэрытримыхьэр.

ЗэIузэпэщ псэукIэм и шэсыпIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м блэкIа илъэсым зэрылэжьар къыщипщытэж, адэкIэ къапэщытхэр щаубзыху зэIущIэм. Апхуэдэу абы кърихьэлIащ Урысейм и МВД-м Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щиIэ Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI, полицэм и генерал-полковник Бачурин Сергей.

IЭНАТIЭМ и лэжьыгъэр къызэщIикъуэжу зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м щыIэ МВД-м и министр, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав.

ЩIыналъэм жылагъуэ шынагъуэншагъэр къыщызэрагъэпэщ, щытыкIэр щызэпIэзэрытщ. Ар сэбэп мэхъу республикэм и социально-экономикэ щытыкIэм зиужьынымкIэ, турист нэхъыбэ щIыпIэм къешэлIэнымкIэ, апхуэдэуи нэгъуэщI унэтIыныгъэхэр нэхъ жыджэру ефIэкIуэнымкIэ.

КIуэкIуэ Казбек КъБР-м щыIэ МВД и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ лэжьыгъэ купщIафIэ зэрырагъэкIуэкIым, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ, щIэпхъаджагъэр гъэмэщIэнымкIэ къапэщыт къалэнхэр нэсу зэрызэфIахым папщIэ. ЩIыналъэм и унафэщIым къыхигъэщащ хабзэхъумэ IэнатIэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм и фIагъыр цIыхухэм я зэIузэпэщ псэукIэмрэ экономикэ шынагъуэншагъэмрэ я шэсыпIэу зэрыщытыр.

- Мыхьэнэшхуэ иIэщ экономикэ, ИТ унэтIыныгъэхэм щрагъэкIуэкI щIэпхъаджагъэхэр къыщIэгъэщыным, ахэр къэмыгъэхъуным, коррупцэм пэщIэтыным, хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэкIыр къызэпыудыным, гъуэгухэм къыщыхъу машинэ зэжьэхэуэхэр нэхъ мащIэ щIыным хуэунэтIа лэжьыгъэр адэкIи щIэгъэхуэбжьауэ егъэкIуэкIыным. Шэч къытесхьэркъым ди хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр къапэщыт къалэн псоми зэрапэлъэщынум. КъБР-м щыIэ МВД-м и гупым адэкIи я лэжьыгъэм ехъулIэныгъэхэр щаIэну сохъуэхъу, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Загъэпсэхуну къудейкъым

Сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж лъэхъэнэр купщIэ хэлъу къызэрагъэпэщыну КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ ящищIащ республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзоррэ лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкIэ и министр Тогузаев ТIэхьиррэ.

ЩIЫНАЛЪЭМ и унафэщIым зэIущIэр зэрекIуэкIам и хъыбарыр къыщигъэлъэгъуащ MAX-м щиIэ напэкIуэцIым:

- Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр къызэрызэгъэпэщыпхъэм дытепсэлъыхьащ. Фигу къэзгъэкIыжынщи, мы гъэм санаторэхэмрэ узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж лагерхэмрэ сабий 6500-м зыщагъэпсэхунущ. А лъэхъэнэр зыхуей хуэзэу егъэкIуэкIыным трагъэкIуэдэну республикэ бюджетым сом мелуан 80-м нэблагъэ къыщыдгъэлъэгъуащ.

Зэрагъэшхэнум, шынагъуэншагъэм теухуауэ нэхъапэкIэ пщэрылъ сщIахэм дэщIызгъужащ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр купщIэ хэлъу къызэрагъэпэщыну. Зыгъэпсэхугъуэр нэгузыужьыгъуэ къудей мыхъуу, сабийхэм гъэсэныгъэ зэрыхалъхьэнуми, я къэухьым зэрызрагъэужьынуми хуэщIауэ щытыпхъэщ. Абыхэм зэрадэлэжьэну программэм Iэмал имыIэу къыхэлъытэн хуейщ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым теухуа Iуэхугъуэхэри.

Ди къуэш республикэхэм

Адыгэбзэм и хъумакIуэхэр

АДЫГЕЙ. **Республикэм и Куэшхьэблэ районым лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Адыгэ-Хасэ – Шэрджэс парламентым и унафэщI ЛIымыщэкъуэ Рэмэзанрэ АР-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм япыщIауэ щытынымкIэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэмкIэ и комитетым и тхьэмадэ Дол Долэтбийрэ.**

РАЙОН администрацэм къызэритамкIэ, гулъытэ хэха хуащIащ Мэзкуу щекIуэкIыну съездым хэтынухэр абы хуэгъэхьэзырыным. Iуэхур екIуу къызэгъэпэщынымкIэ зэфIэхыпхъэхэр яубзыхуащ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ адыгэбзэр хъумэнымрэ щIалэгъуалэр абы дегъэхьэхынымрэ, апхуэдэуи адыгэ щэнхабзэм зегъэужьыным ехьэлIа жэрдэмхэр дэIыгъыным.

Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **«ПщэфIапIэр гъунапкъэншэщ» проектым хыхьэу Черкесск утыку къыщрахьащ республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я шхыныгъуэхэр. Iуэхум зэкъуигъэуват шхапIэхэм я лIыкIуэхэр, экспертхэмрэ абы хэтхэмрэ. ХьэщIэхэм я пащхьэ кърахьащ лъэпкъхэм къадекIуэкI шхыныгъуэхэр. Абыхэм къагъэлъагъуэрт щхьэж и щэнхабзэкIи ерыскъы лIэужьыгъуэкIи зэрыкъулейр.**

- МЫПХУЭДЭ проектхэр сэбэпщ туристхэм къахэхъуэнымрэ Iуэхутхьэбзэхэм зегъэужьынымкIэ, дэIэпыкъуэгъущ щIыналъэм щызекIуэ щэнхабзэр, къалэм зэрызиужьыр ягъэлъагъунымкIэ, - къыхигъэщащ проектым хэт Гогуш Аннэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, дызытепсэлъыхь проектыр щежьар Къэрэшей-Шэрджэсырщ. ЩIышылэм и 25 - мазаем и 7 тхьэмахуэ зэхуакум абы къызэщIиубыдэнущ Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ щIыналъэ псори.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Япэ ирагъэщынухэр

КИФЩI-м къэрал регистрацэмкIэ, кадастрымрэ картографиемкIэ и къулыкъущIапIэм и управленэм и унафэщI Песков Вячеслав, КъБР-м щыIэ Управленэм и къудамэм и тхьэмадэ Соблыр Беслъэн, КъБР-м и «Роскадастр» IуэхущIапIэм и пашэ Щыхьмырзэ Хьэсэнбий сымэ яхуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ Управленэм илъэсым и кIуэцIкIэ зэфIигъэкIахэм. Гулъытэ нэхъыбэ хуащIащ Зыуэ щыт къэрал кадастрым (ЕГРН) иратхэхэр пэжу щытыным, ухуэныгъэхэмрэ абыхэм епха хуитыныгъэ зиIэхэмрэ я Iуэху зыIутым къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэмрэ щыуагъэншэу щыгъуазэу щытыным я мыхьэнэм.

КIуэкIуэ Казбек Песков Вячеслав фIыщIэ хуищIащ республикэм къызэреблэгъам, и нэIэ щIэт IуэхущIапIэхэм гулъытэ зэрыхуищIым папщIэ.

Къэрал пэхуэщIэхэр зэрагъэзащIэр

Муниципальнэ районхэмрэ къалэ администрацэхэмрэ я унафэщIхэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ.

Гулъытэ нэхъыбэ зыхуащIар лъэпкъ пэхуэщIэхэмрэ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ гъэзэщIа зэрыхъурщ. Абыхэм япкъ иткIэ, щIыпIэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэм икIэщIыпIэкIэ зэфIагъэкIын хуей Iуэхухэм тепсэлъыхьащ къызэхуэсахэр.

Мы гъэм лъэпкъ проектхэм, илъэс блэкIам елъытауэ, ахъшэ нэхъыбэ къыхуаутIыпщ. Ар трагуэшэнущ «ФIы псори – сабийхэм папщIэ», «ГъэсакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ», «Къалэхэр ущыпсэуну тынш щIын», «Унагъуэ лъапIэныгъэхэмрэ щэнхабзэм и инфраструктурэмрэ», «Коммунальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэн», «Унагъуэм зыщIэгъэкъуэн», «ПсэупIэхэр» щIыналъэ проектхэм.

Сабий IыгъыпIэхэмрэ школхэмрэ зехьэным мылъкуу къыхуаутIыпщыр нэхъыбэ зэрыхъуам къыхэкIыу, щIыпIэ администрацэхэмрэ министерствэхэмрэ я къалэнщ абы и зекIуэкIэм нэхъ набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъыну, лэжьыгъэр нэгъэсауэ зэрагъэзэщIапхъэм я нэIэ трамыгъэкIыну.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхащ муниципальнэ районхэмрэ къалэхэмрэ 2025 гъэм къагъэщхьэпа бюджет зэуIуми. Абы и гъэзэщIэкIэр планкIэ зыхуагъэувыжам щIигъуащ, налогрэ нэгъуэщI хэхъуэу щIыпIэ бюджетхэм яIэр процент 16,3-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

Дызэрыт илъэсым цIыхухэм къабгъэдэкI налогхэр нэхъыбэ хъуну щогугъ, зи улахуэр бюджетым къыхэкIхэм я лэжьапщIэми хагъэхъуэнущ. Япэ ирагъэщынущ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэныр. Мыхьэнэшхуэ иIэщ унафэ зыIэщIэлъ къулыкъущIапIэ псори «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэм дэлэжьэнми.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ зэIущIэм къыщиIэта Iуэхугъуэ псори езым районхэмрэ къуажэхэмрэ къызэрызэхикIухьам къарикIуауэ зэрыщытыр.

Гулъытэ нэхъыбэ зыхуащIыр хьэщIэхэрщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм ткIийуэ щыкIэлъоплъ турист хуэIухуэщIэм хэт IуэхущIапIэхэм а IэнатIэм щыщыIэ хабзэхэр зэрагъэзащIэ щIыкIэм икIи ахэр къызэпызыудхэр административнэ жэуапхэм ирашалIэ, къуэдыхэр тралъхьэ.

ПСОМ хуэмыдэу гулъытэ нэхъыбэ зыхуащIыр хьэщIэщхэрщ. 2025 гъэм фокIадэм и 1-м къару зыгъуэта хабзэщIэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, туристхэм Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ хьэщIэщхэм езыхэм я зэфIэкIхэр къапщытэжауэ, турист индустрием и IэнатIэм щылэжьэну хуитыныгъэ зиIэхэр зратхэ Зыуэ щыт реестрым хагъэхьауэ щытын хуейщ.

Псалъэм къыдэкIуэу, нэгъабэ хьэщIэщ зэхуэмыдэу 250-м я лэжьыгъэхэм ныкъусаныгъэхэр халъэгъуащ икIи гу лърагъэтащ абыхэм, ахэр ягъэзэкIуэжын хуэдэу.

«ЩыIэ хабзэр къызэпызыуд хьэрычэтыщIэхэм къэпщытэныгъэ-кIэлъыплъыныгъэ Iуэхугъуэхэм хуэдэхэр ядыдогъэкIуэкI икIи абыхэм ящыщу 60-м щIигъум я деж къыщыщIэдгъэща ныкъусаныгъэхэр зэрагъэзэкIуэжын хуейм гу лъедгъэтащ, 6-р административнэ жэуапым етшэлIащ.

Апхуэдэ къэпщытэныгъэ-кIэлъыплъыныгъэ Iуэхугъуэхэм къарикIуэу, турист индустрием щылэжьэну хуитыныгъэ зиIэ, Зыуэ щыт реестрым щатха хьэщIэщхэм я бжыгъэм фIыуэ хэдгъэхъуащ. Псалъэм къыдэкIуэу, 2025 гъэм ахэр 89-рэ хъууэ щытамэ, мы гъэм – 179-м нэсащ. Хэхъуэр проценти 100-м щыщIегъу мыбдеж. Объекту 1-2-у къыдопщытэ махуэ къэс», - жиIащ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр Быф Аскэр.

ХьэщIэщхэм нэмыщI, министерствэм и нэIэ тригъэтщ турист индустрием и нэгъуэщI IэнатIэхэми. Иджыблагъэ ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэ-кIэлъыплъыныгъэ Iуэхугъуэхэм хыхьэу, дагъуэ хуащIащ аттестацэхэр ямыIэу экскурсовод хуэIухуэщIэхэр езыгъэкIуэкIхэм. Туроператору тIу жэуап зэхуэмыдэхэм ирашэлIащ апхуэдэ цIыхухэр я деж зэрыщылажьэр, Зыуэ щыт реестрым ахэр зэрыщымытхар къызэрыщIагъэщам къыхэкIыу.

Министерствэм лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирегъэкIуэкI турист IэнатIэм щыIэ хабзэхэр цIыхухэм егъэщIэнымрэ ахэр къагурыгъэIуэнымрэ теухуауэ. ЖыпIэнурамэ, щIэх-щIэхыурэ зэIущIэхэр драгъэкIуэкI республикэм и муниципалитетхэм я лэжьакIуэхэм, турист хуэIухуэщIэм хэт хьэрычэтыщIэхэм, нэгъуэщIхэми. Ахэр щагъэгъуазэ щыIэ хабзэхэр зэрылажьэ щIыкIэм, абыхэм зэхъуэкIыныгъэ ягъуэтхэмрэ щIэуэ къыхыхьэхэмрэ.

МЫСОСТ Наурыз.

● Адыгэ Псалъэ ● apkbr.ru ● adyghe@mail.ru ● smikbr.ru ● Адыгэ Псалъэ ●

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

1. Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэм зэрызыкъыхуагъазэхэм псынщIэу хэплъэным икIи ахэр къызыщIэупщIа Iуэхур зэфIэгъэкIыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымрэ а лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызэгъэуIунымрэ епха къалэнхэр зи пщэ дэлъ комиссэ къызэгъэпэщын.

2. Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэм зэрызыкъыхуагъазэхэм псынщIэу хэплъэным икIи ахэр къызыщIэупщIа Iуэхур зэфIэгъэкIыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымрэ а лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызэгъэуIунымрэ епха къалэнхэр зи пщэ дэлъ комиссэм хэтхэр къэщтэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм, абыхэм я унафэм щIэт IэнатIэхэм, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэмрэ организацэхэмрэ, къулыкъущIэхэм я пщэ дэлъхьэн мы унафэм ипкъ иткIэ къызэрагъэпэща комиссэм хэтхэм я лэжьыгъэр ирагъэкIуэкIын папщIэ зыщIэупщIэхэр къыIэрагъэхьэныр къызэрагъэпэщыну икIи а къалэнхэр зэфIагъэкIынымкIэ нэгъуэщI лъэныкъуэхэмкIи щIэгъэкъуэн къахуэхъуну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2026 гъэм щIышылэм и 21-м
№13-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2026 гъэм щIышылэм и 21-м къыдигъэкIа Унафэ №13-РГ-мкIэ къащтащ

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэм зэрызыкъыхуагъазэхэм псынщIэу хэплъэным икIи ахэр къызыщIэупщIа Iуэхур зэфIэгъэкIыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымрэ а лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызэгъэуIунымрэ епха къалэнхэр зи пщэ дэлъ комиссэм хэтхэр

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIыр *(комиссэм и унафэщIыщ)*

Тату К. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и Секретарыр *(комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Хъубий М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр *(комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Алимовэ А. С. - «Хэкум и хъумакIуэхэм я унагъуэхэм я комитет» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Архэст Г. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм шынагъуэншагъэмрэ хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ и управленэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэр *(комиссэм и секретарщ)*

Дадэ М. А. - «Хэкум и хъумакIуэхэр» дзэ Iуэху хэхам хэтхэр дэIыгъынымкIэ Къэрал фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм и унафэщIыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Зумакулов Б. М. - ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэрызэгурыIуам тету)*.

Крючков В. Г. - къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэрызэгурыIуам тету)*

КIурашын А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрыр

Митьков А. А. - Ипщэ дзэ округым и 316-нэ дзэ прокуратурэм и гарнизоным и дзэ прокурорыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Пахомов Д. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Тогузаев ТI. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министрыр

Хабаров Н. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Юрачковский А. Г. - Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и 316-нэ дзэ следственнэ къудамэм и унафэщIыр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Дунейм щыхъыбархэр

Арэзы къещI

УФ-м и премьер-министр Мишустин Михаил «Урысей зэкъуэт» фракцэм и депутатхэм фIыщIэ яхуищIащ жыджэру Правительствэм зэрадэлажьэм папщIэ. Абы къыхигъэщащ депутатхэм егупсысауэ, купщIэ хэлъу къыхалъхьэ жэрдэмхэр къэралым и экономикэм зиужьынымкIэ, цIыхухэм я зэIузэпэщ псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ щхьэпэ зэрыхъур.

МИШУСТИН Михаил жиIащ илъэсищым тещIыхьауэ ябзыху къэрал бюджетым и проектым «Урысей зэкъуэт» фракцэм лэжьыгъэшхуэ зэрырихьэлIар. «Абыхэм бюджетым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм Iэмал къыдитащ социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм папщIэ сом меларди 174-м щIигъу щхьэхуэу къыхэдгъэкIыну», - жиIащ абы.

А мылъкур текIуэдэнущ сабий зиIэ унагъуэхэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абыхэм я благъэ-Iыхьлыхэм хуащIэ дэIэпыкъуныгъэхэм хэгъэхъуэным. Апхуэдэуи ар икъукIэ щхьэпэ хъуащ курыт школхэр зэгъэпэщыжыным, щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм я инфраструктурэр къэгъэщIэрэщIэжыным, гъуэгухэр ухуэным, къуажэхэр зэIузэпэщ щIыным теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр щIэгъэхуэбжьэнымкIи.

Къэрали 115-м яхурегъашэ

«2025 гъэм Урысейм хамэ къэралхэм яхуригъэшащ гъавэхэкIыу тонн мелуан 50, абы щыщу тонн мелуан 41-р гуэдзщ. А IуэхумкIэ ди къэралыр иджыри япэ увыпIэм щытщ», - щыжиIащ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Лут Оксанэ Дубай щекIуэкIа «Gulfood» гъэлъэгъуэныгъэм.

МИНИСТРЫМ къыхигъэщащ мы илъэсым а бжыгъэр тонн мелуан 55-м зэрынагъэсыфынур. «Хуэгъэфэщауэ жыпIэмэ, гъавэхэкIыу апхуэдиз тонн бжыгъэкIэ къызэдгъэпэщыфынущ ди IуэхущIэгъухэр», - жиIащ абы.

Лут Оксанэ къызэригъэлъагъуэмкIэ, иужьрей илъэси 10-м Урысейм гъавэхэкIхэр яхурегъашэ къэрали 115-м. Абы щыгъуэми, къэралым ираш гуэдзхэм я процент 78-р зыIэрыхьэр Африкэмрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ я къэралхэращ.

ЩIышылэм и 29, *махуэку*

♦**Ядернэ зауэр мыдэным цIыхухэр хузэщIэгъэуIуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1833 гъэм** Урысейм щыяпэу Санкт-Петербург къалэм пощт IуэхущIапIэ къыщызэIуахащ.

♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Мейкъуапэ, Тихорецк къалэхэр нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦**2001 гъэм** КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **КIыщокъуэ Алим** дунейм ехыжащ.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ АКъУ-м и профессору щыта, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Чэмокъуэ Тыркубий**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ балетмейстер, КъБР-м и цIыхубэ артист **Думэныщ Iэулэдин**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 8 - 10, жэщым щIыIэр градус 0 - 2 щыхъунущ.

ЩIышылэм и 30, *мэрем*

Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ я дунейпсо махуэщ

♦**1863 гъэм** Урысейм унафэ къыщащтащ цIыхум судкIэ удын ебдзынуи, дамыгъэ тебдзэнуи хуит уимыщIу.

♦**1943 гъэм** 6-нэ нэмыцэдзэм Сталинград деж зыщитащ. Ар Хэку зауэшхуэм советыдзэхэр щытекIуэным щIэдзапIэ хуэхъуауэ къалъытэ.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ Беслъэней къуажэм дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр, КъШР-м и цIыхубэ дохутыр **Къуэн Валентинэ**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, адыгэ щIыналъэм теухуа фильм зыбжанэ тезыха, жылагъуэ лэжьакIуэ **Нэгъаплъэ Аскэрбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 6, жэщым градус 0 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Куэд жызыIэ нэхърэ - куэд зылэжь.

Ленинграддэсхэр къэзыхъума щIакхъуэ Iыхьэр

Нарткъалэ и «Нарт» щIалэгъуалэ центрым щекIуэкIащ «Ленинградный хлеб» фэеплъ Iуэхур. Ар фэеплъ хуащIащ Ленинград фашистхэм къызэрыIэщIагъэкIыжауэ щытам. Iуэху щхьэпэм кърагъэблэгъащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэтахэр, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакIуэхэр.

СВО-м хэтахэр ныбжьыщIэхэм ядэгуэшащ лIыгъэм теухуа я гупсысэхэмрэ ягъэунэхуахэмрэ, тепсэлъыхьащ къуэшыгъэм, Хэку лъагъуныгъэм я мыхьэнэм, Хэку зауэшхуэм зи псэ щызыта ди зауэлIхэм я щIыхьыр хъумэн зэрыхуейм.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэр еплъащ зауэ дэфтэрхэр къагъэсэбэпу траха фильмым. Ленинград къэухъуреиныгъэм зэрита махуэ 872-р уи нэгум къыщIигъэувэрт абы. Тхыдэджхэм жаIэжхэр, лIыхъужьхэм ягъэвахэр, къалэдэсхэм я бэшэчагъэр фильмым пхрышат. Фэеплъ Iуэхум гулъытэ щыхуащIащ Ленинград къэухъуреиныгъэм нэщэнэ хуэхъуа щIакхъуэ Iыхьэм, грамми 125-рэ фIэкIа мыхъуми, ленинграддэсхэр къэзыхъумам. Абы теухуа хъыбарри фильмым къыхэщащ.

ЗэIущIэм хэтхэм, щIалэгъуалэм захуигъэзащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и лэжьакIуэ Мер Iэсият.

- Нобэ дызыхэт фэеплъ Iуэхур блэкIамрэ ди зэманымрэ зэпызыщIэщ. Мы щIакхъуэ Iыхьэм пщIэ хуэтщIу тIыгъыху, зауэм хэтахэм я нэм дыщIэплъэху, Хэкум и хъумакIуэхэм я макъ зэхэтхыху, фэеплъым къару иIэщ. Ленинград къэухъуреиныгъэм щитам абы и щыпсэухэмрэ зауэлIхэмрэ къагъэлъэгъуащ хахуагъэрэ бэшэчагъэрэ. Ар хэку лъагъуныгъэм и Iуэжьщ. ЗауэлIхэм я фIыгъэщ нобэ ди уафэр зэрыкъабзэр, - жиIащ абы.

Шэч хэмылъу, фэеплъ Iуэхум гупсысэ къыхахащ щIалэгъуалэм. Зауэ гъуэгуанэм и тхыдэ напэкIуэцIхэм ящыщу Ленинград теухуа хъыбар гуузымрэ и лIыгъэмрэ псоми ди гум илъщ.

ГЪУЭТ Синэ.

Хэмыгъуэщэж бжыгъэ

Хэку зауэшхуэм и джэрпэджэж макъыр иджыри къыздэсым ужьыхакъым. Зауэр зи нэгу щIэкIауэ мамыр гъащIэр зэфIэзыгъэувэж гуэрым жиIэгъат: зи щхьэр мафIаем хэзылъхьа зауэлIхэм къанэ щымыIэу я иужьрей увыIэпIэр ямыгъуэтыжауэ, зауэм увыIэ иIэкъым. Иужьрей фочышэр зэрырагъэкIрэ илъэс пщIы бжыгъэхэр дэкIыжами, зэуапIэм къимыкIыжа щIалэхэм я адэ-анэхэм, я щхьэгъусэхэм, къыдалъхуахэм я нэхъыбэр тхэкIыжами, гугъэр ужьыхыркъым, зэуапIэхэм зи хьэдащхьэ къыщагъуэтам и хъыбар къыщыIукIэ, «дыдымейуэ пIэрэ» жызыIэхэр мымащIэу щыIэщ. Хэку зауэшхуэр цIыху щIэжым хэмыгъуэщэж бжыгъэу къинащ. Зауэр зи нэгу щIэкIахэр мащIэ хъуами, абыхэм я щIэблэм яфIэлъапIэщ нэхъыжьхэм щIагъэкIа нэпсыр, яущэхуну хэту кIуэцIкIэ ягъэва гуIэр. Аращ а фэеплъыр уахътыншэ зыщIыр, абы епха сыт хуэдэ Iуэхугъуэми лъапIэныгъэ щIратыр.

ЗИ щхьэгъусэ къэзымыгъэзэжа фызабэхэр къуажэ-къуажэкIэрэ дащIыхьа фэеплъ скъархэм къекIуалIэурэ тэлайкIэ щыщыту зэманхэр зэрыблэкIрэ куэд щIакъым. Мывэхэр псэлъэнутэкъым, ауэ губампIэдэх яхуэхъурт зи гущIэр мафIэм кърисыкI цIыхубзхэм, щэхуу зэпсэлъылIэ псэхэр абдеж къыщызэхуэсарэ жаIэм къыщIэдзэIу къафIэщIу. Арагъэнущ апхуэдэ фэеплъхэр тIуащIэу цIыхухэм дежкIэ лъапIэ щIэхъур, ахэр щызэрагъэпэщыжкIэ, гулъытэ хэха щIагъуэтыр.

Ди щIыналъэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм хэкIуэдахэм я фэеплъхэр зэгъэпэщыжыным, ахэр здэщыт щIыпIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, абыхэм я Iэгъуэблагъэр зыхуей хуэгъэзэным теухуа лэжьыгъэхэр зыбжанэ щIауэ щIыналъэм щымыувыIэу щокIуэкI. Фэеплъыр зэгъэпэщыжыным икIи абы и Iэгъуэблагъэр зэпэщ щIыным текIуэдэну мылъкур «Зи псэр Хэкум щIэзытахэм я фэеплъыр хъумэныр (2019 - 2025 гъэхэр)» зи фIэщыгъэ къэрал программэм къыхэкIыу щытащ. Ауэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр зэпыбгъэу мыхъуну къэралым къелъытэ. Аращ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ» щIыналъэ программэм а гукъэкIым къыщIыпищэр. А программэм ипкъ иткIэ Бахъсэн щIыналъэм 2026 гъэм лэжьыгъэшхуэ щызэфIагъэкIыну траухуащ. Апхуэдэу зэгъэпэщыжакIуэ-ухуакIуэхэм фэеплъ щIыпIищ зыхуей хуагъэзэжыну къапэщылъщ.

ХьэтIохъущыкъуей къуажэм, ЛъагапIэ-910-кIэ зэджэ щIыпIэм деж, нэпкъым тетщ генерал-майор Захаров Фёдор и фэеплъыр. Абы фэ къытегъэуэжын, щIэрыщIэу къыхэгъэщыжын хуейщ. Нэгъабэ фэеплъыр зытет лъагапIэм и екIуэлIапIэхэр зэIузэпэщ ящIат, тетIысхьэпIэхэр ягъэуват, щхъуантIагъэр куэду щагъэтIысат. КъищынэмыщIауэ, лъагапIэм хуэкIуэ, километрищ зи кIыхьагъ гъуэгур тралъхьащ. Апхуэдэу фэеплъым и хъуреягъыр мрамор лъэгукIэ къращIыкIащ, лъагъуэхэр мывэ упсакIэ япкIауэ щытащ. Иджы, зэрытраухуамкIэ, ЛъагапIэ-910 фэеплъыр жэщкIэ къэзыгъэблэн уэздыгъэ пкъохэр ягъэувынущ, еIуящIэхэм мывэ скъарым хуэмыфащэ ирамыпэсын хуэдэу, зэрыкIэлъыплъ Iэмэпсымэхэр трагъэувэнущ.

Кременчуг-Констаниновскэ къуажэм дэт фэеплъыр щIэрыщIэу зэгъэпэщыжын хуейщ. Илъэс Iэджэ щIауэ цIыхуIэ зэмыIуса фэеплъым и лъабжьэр зэрыщыту техауэ щIэрыщIэу телъхьэжын, и хъуреягъкIэ къекIэкIа пабжьэр гъэкъэбзауэ жыгыщIэ Iэрысэхэр гъэтIысын, екIуэлIапIэхэр зэгъэпэщыжын хуейщ. ЦIыхухэр ИналхьэблэцIыкIу скъаркIэ зэджэ а фэеплъыр езыр уардэщ, ауэ теплъэ етыжын хуейщи, ар мы гъэм зэфIэкIыну зыщыгугъ Iуэхухэм ящыщщ.

Зеикъуэ къуажэм Хэку зауэшхуэм и тхыдэр къызытещыж фэеплъ ухуэныгъэ зыбжанэ дэтщ. Абыхэм ящыщщ ГъуазджэхэмкIэ сабий еджапIэм къыбгъурытыр. Ар къэзыхуху мывэкъалэхэр мы махуэхэм Iуахащ, и хъуреягъым ит къэкIыгъэхэри ирахащ. Фэеплъыр зэзыгъэпэщыжхэм зэрыжаIэмкIэ, ар зэрыт щIыпIэр зэрыщыткIэ мывэкIэ япкIынущ, езыри къагъэщIэрэщIэжынущ. Апхуэдэу кхъащхьэдэсэм тет цIэунагъуэцIэхэр щIэрыщIэу къыхагъэкIыжынущ. Мы зэманым фэеплъым телъ лэчыжьыр трахащ, ар зытет лъабжьэр ягъэбыдэ. Абы иужькIэ фэеплъым и екIуэлIапIэхэр зэIузэпэщ ящIынущ, тетIысхьэпIэхэр ягъэувынущ, щхъуантIагъэр щагъэтIысынущ, Iэгъуэблагъэр жэщкIэ къэзыгъэнэхуну уэздыгъэ пкъохэр куэд мыщIэу ягъэувыну я гугъэщ. Фэеплъым IухьэпIэ щхьэхуэрэ уней дыхьэпIэрэ щIэрыщIэу хуащIыжыну я гугъэщ.

Бахъсэн щIыналъэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Абрэдж Iэдиб зэрыжиIэмкIэ, фэеплъхэр хъумэныр къулыкъущIэхэми цIыхубэми я зэхуэдэ хьэкъщ.

- Дэ дыхуейщ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъхэр цIыху кIуапIэу щытыну. Къэралым и къалэнхэм ящыщщ ахэр зыхуей хуэгъэзэныр, цIыхухэм я хьэкъщ абыхэм яхуэсакъыну, зэрахьэну, яхъумэну. Гъэсэныгъэ лэжьыгъэ ебгъэкIуэкIынумэ, псэкупсэ мыхьэнэ зиIэ псалъэмакъхэр щIалэгъуалэм ядебгъэкIуэкIынумэ, а щIыпIэхэм хуэдэу блэкIам и теплъэгъуэхэр IупщIу нэгу къыщыщIэбгъэувэфын щыIэкъым. ДяпэкIи иужь дитынущ фэеплъхэр зэIузэпэщу зэрыщытынум, ахэр цIыхубэм я щIэжыр къэзыIэт щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэуи къызэрыдгъэнэнум, - жиIащ Абрэдж Iэдиб.

Зи гугъу тщIа къэрал программэм ипкъ иткIэ щIыналъэм ит фэеплъхэр дызэрыт илъэсым и кIуэцIкIэ зэрагъэпэщыжынущ.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

ЩIэныгъэри щIыуэпсри зи щIасэ

● Пэрытхэр

Дызэрыщыгъуазэщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и саугъэтыр илъэс зыбжанэ хъуауэ хуагъэфащэ щIэныгъэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къэхутэныгъэщIэхэр ехъулIэныгъэ яIэу щезыгъэкIуэкI щIалэгъуалэм. Апхуэдэу, 2025 гъэм къагъэлъэгъуа зэфIэкIым ипкъ иткIэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтыр зратахэм ящыщщ Налшык дэт Бгы лъагэ геофизикэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ Къурашэ Оксанэ. Зыщыхуэдгъазэм, ар къытхутепсэлъыхьащ и еджэныгъэ-лэжьыгъэм ехьэлIауэ нобэр къыздэсым и гъащIэр къызэрекIуэкIамрэ мы зэманым зи яужь ит щIэныгъэ IуэхущIафэхэр зыхуэдэмрэ.

- Оксанэ, ди щIэджыкIакIуэхэм нэхъ зыкъуебгъэцIыхуамэ, ди гуапэт.

- Сэ Шэрэдж районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм сыкъыщалъхуащ. Курыт еджапIэр 2008 гъэм а жылэм къыщызуха нэужь, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым биологиемкIэ и факультетым сыщеджащ, «Географ. Географием хуезыгъаджэ» IэщIагъэри щызэзгъэгъуэтащ. А еджапIэ нэхъыщхьэм «Географием телажьэ физикэ» («Физическая география») кафедрэм си щIэныгъэ-IэщIагъэмкIэ щыхэзгъэхъуащ.

- Абы иужь дэнэ ущылэжьа?

- Налшык дэт курыт школ №9-м 2014 - 2019 гъэхэм географиемкIэ егъэджакIуэу сыщыIащ. Абы къыдэкIуэуи, 2017 - 2020 гъэхэм кърихубыдэу, ди республикэм и къалащхьэр зи хэщIапIэ Бгы лъагэ геофизикэ институтым деж къыщызэIуаха аспирантурэм сыщеджащ икIи ар къэзухащ, «КъэхутакIуэ. ЕгъэджакIуэ-къэхутакIуэ» дипломыр къыщысхуагъэфэщарэ «ЩIым ехьэлIа щIэныгъэхэмкIэ» жыхуаIэ унэтIыныгъэмкIи сылэжьэну сыхуиту.

- Оксанэ, евгъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм фазэрыбгъэдыхьэ щIыкIэр, нэхъ гурыIуэгъуэ къытщыщIыт.

- 2019 гъэ лъандэрэ Бгы лъагэ геофизикэ институтым гляциологиемкIэ и лабораторэм щIыуэпсым ехьэлIа къэхъукъащIэхэмкIэ и къудамэм щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэу сыщолажьэ. Аспирантурэм сыщыщIэсами иджыпстуи зи яужь нэхъ ситу схужыIэнур дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым хуэгъэзауи абы хэпсэукI цIыхухэм я узыншагъэм дежкIи зэраныгъэ къэзышэу къалъытэ «гъущIхэкI хьэлъэхэм» («тяжелые металлы») ящыщу бгылъэ щIыпIэхэм телъ уэсымрэ мылымрэ хэзэрыхьым я куэдагъ-мащIагъыр къэпщытэнырщ.

Сыщеджи сыщылажьи бгыхэм дыдэкIыурэ, щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ уэсыр, къетхьэха иужькIи «вагъэсеплъ» зэрытетхынум хуэдэу, IэшкIэ-IэшкIэурэ щызэхуэтхьэсащ, зыхуэдэм теухуауи, зэрыжысIащи, къэпщытэныгъэхэр дедгъэкIуэкIащ. Уэсыр дэ щызэщIэткъуащ хым и щхьэфэм метр 3100-кIэ щхьэщыIэтыкIа щIыпIэм деж къыщыщIэдзауэ метр 5642-м (Iуащхьэмахуэ и щыгум) зи лъагагъым нэсыху.

- НэгъуэщIу жытIэмэ, Iуащхьэмахуэ бгыжь уардэм и джабэ нэкIухэри фи лъэщапIэщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и аранэ лъагапIэхэм щызэтрищIэ мылымрэ уэсымрэ, абдежыр зи щIэдзапIэ псыпэхэм химие и лъэныкъуэкIэ яхэлъ пкъыгъуэхэр си лэжьыгъэм щызэхэзгъэкIын хуейуэ къысхуагъэлъэгъуар Бахъсэнрэ Шэрэджрэ я псыхъуащхьэхэрщ, згъэбелджылымэ, Iуащхьэмахуэ и джабэ нэкIухэмрэ Безенги мылылъэ абрагъуэр здэщыIэ щIыпIэмрэщ.

- Оксанэ, дэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуамкIэ, альпинизмэм ехьэлIауи ехъулIэныгъэхэр уиIэщ. ЩIэныгъэмрэ спортым а и унэтIыныгъэмрэ дапхуэдэу уи деж зэрыщызэпыщIар?

- Аспирантурэм сыщыщIэса илъэсхэрщ альпинизмэми зестыным щIэдзапIэ хуэхъуауэ къэслъытэр. Абдежым къыщегъэжьауэ щIэныгъэ и IуэхукIэ ди ущиякIуэхэм тщIэн хуейхэм дыщыхуагъасэм, зэрыгурыIуэгъуэщи, бгыхэми дыдашын хуей хъуащ. Институтым лэжьапIэ сыува иужькIи а Iуэхум пытщащ. 2018 гъэм Бгы лъагэ геофизикэ институтым къыбгъэдэкIыу «Безенги» альплагерым си тесыгъуэу сыдрагъэкIуеяти, а илъэс дыдэм «Урысейм и альпинист» бгъэхэIур къысхуагъэфэщащ. Абдежым къыщыщIэдзауэ пIалъэ-пIалъэкIэрэ бгыщхьэхэм дыдокI. Нэгъабэ, 2025 гъэм, и шыщхьэуIу мазэм альпинизмэмкIэ «2-нэ разряд» къысхуагъэфэщащ. КIэщIу жысIэмэ, си лэжьыгъэри альпинизмэри зэпыщIащ.

- Мы зэманым езы институтым нэхъ ущикъалэнхэм я гугъу къытхуэщIыт.

- Мы зэманым нэхъ дызыпылъым дытепсэлъыхьмэ, ар дызыкIэрыхьэ бгы нэкIухэм, гъунэгъу зызыхуэтщI аранэ лъагапIэхэм щызэтрищIа мылымрэ уэсымрэ химие и лъэныкъуэкIэ я зэхэлъыкIэм иужьрей илъэсхэм кърихубыдэу зэрызахъуэжар, уэсукхъуэхэмрэ ятIэпсхэмрэ уапэмыплъауэ къыщIехым я щхьэусыгъуэхэр зэхэгъэкIынырщ. А псом ящыщу нэхъ зытедгъащIэр «ЩIэгъэхуэбжьауэ щIэткIукI мылыпсхэм япкърылъ химие пкъыгъуэхэм зэрызахъуэжыр» зэдгъэщIэнырщ.

- А «зэдгъэщIэным» къызэщIиубыдэм кIэщIу къытхутепсэлъыхьыт.

- Сызыхэт гупыр 2018 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгылъэ щIыпIэхэм, я нэхъ мащIэрауэ, 28-рэ дыдэкIащ. Ди зэхэзекIуэхэм хыхьэу дыкъыщыщIидза щIыпIэхэу Iуащхьэмахуэ бгышхуэм ипщэкIэ хуезыгъэзых и джабэ нэкIу «Гарабаши» зи фIэщыгъэмрэ «Безенги» жыхуаIэ Iуащхьэ папщIэ зэкIэлъыкIуэм ищхъэрэкIэ гъэза и къуакIэбгыкIэхэмрэ щызэтрихьа-щызэтрищIа мылылъэхэм я зыхъуэжыкIэр зыхуэдэр къызэрытпщытэн пкъыгъуэхэр щызэхуэтхьэсащ. Къэхутэныгъэхэр щедгъэкIуэкIым, щIэныгъэрылажьэ гупым щIэгъэкъуэни гъуази къытхуэхъуащ 1957 - 2024 гъэхэм кърихубыдэу дуней псом къыщызэрагъэпэща геофизикэ кIэлъыплъыныгъэхэм къарикIуахэр.

ГъэщIэгъуэнщ, ауэ лъагапIэхэм къетхьэха уэс IэшкIэхэмрэ мыл кIанэхэмрэ дедгъэкIуэкIа камеральнэ къэпщытэныгъэм я гугъу тщIымэ, абыхэм хэлъу къэдгъуэтащ щIыуэпсым и щытыкIэр езыгъэкIакIуэхэм ящыщу къалъытэ гъущI лъэпкъыгъуэ хьэлъэхэу Ag, Cd, Pb, Zn, Mn, Cu, Ni, Cr, Mo и Al жыхуаIэхэм хуэдэхэр.

- А фи къэпщытэныгъэхэм щIэныгъэр адэкIи зэригъэкIуатэм и гугъу къытхуэщIыт, Оксанэ.

- Гупыр дызыпэрыта Iуэхум кърикIуам ипкъ иткIэ зэхэдгъэувэжа «гъуэгугъэлъагъуэ» картэм къыщыдгъэлъэгъуащ уэсымрэ мылымрэ я щытыкIэр дэнэ деж нэхъ щыхэплъэгъуэми. Къэпщытэныгъэхэм япкъ иткIэ къеттхэкIа бжыгъэхэри щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэмрэ проект IуэхущIапIэхэмрэ къахуэгъэсэбэпын хуэдэуи щызэкIэлъытхьащ. Къэпщытэныгъэрэ къэхутэныгъэу едгъэкIуэкIам къарикIуам ятеухуауэ сызыхэт гупыр мызэ-мытIэу драгъэблэгъащ икIи дыкъыщагъэпсэлъащ международнэ, урысейпсо, щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ зэхуэсхэм. Абыхэм ящыщу я цIэ нэхъ къиIуапхъэщ:

- Сочэ къалэм щекIуэкIа, «Гляциосфера Земли - состояние, изменение и взаимодействие её компонентов» зыфIаща XVIII симпозиумыр;

- ди республикэм и къалащхьэм щызэхэта, «Состояние горных ледников в условиях современного изменения климата» урысейпсо зэIуха конференцыр;

- Таджикистаным и щыхьэр Душанбе щыIа, «Влияние изменения климата на состояние ледников Республики Таджикистан и охрана ледников» зи фIэщыгъэ щIэныгъэ-практикэ конференцыр;

- Москва щызэхаша, гляциологиемкIэ «Прошлое, текущее и будущее климата и гляциосферы» конференцыр;

- Душанбе щыIа, «Вопросы сохранения ледников и рациональное использование водных ресурсов Центральной Азии» щIэныгъэ конференцыр;

- Санкт-Петербург «Роль криосферы в прошлом, настоящем и будущем Земли» къыхуеджэныгъэм щIэту щекIуэкIа, гляциологиемкIэ XVII симпозиумыр;

- Дон Iус Ростов ГидрохимиемкIэ институтыр илъэси 100 зэрырикъум ирихьэлIэу къыщызэрагъэпэща, «Современные проблемы гидрохимии и мониторинга качества поверхностных вод» фIэщыгъэр зиIэ, нэгъуэщI къэралхэм къикIа еджагъэшхуэхэри зыхэта урысейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцыр.

Епсэлъар **КЪУМАХУЭ Аслъэнщ**.

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

«Шэркэс» цIэр зезыхьэ сабын

ЦIыху къызэрыгуэкIыр сабыным зитхьэщIыху еIусэмэ, сабынищIыр абы зэи пэIэщIэ хъуркъым. Нобэ дызытепсэлъыхьынур Ливие къэралым и къалащхьэ Триполи щыпсэу адыгэ сабынищI унагъуэщ. Егъуанэ ныбжь лъэхъэнэм нэсауэ, мыбыхэм къыщIагъэкI езыхэм я унэцIэр зезыхьэ «Шэркэс» сабыныр.

ЖЫЛАГЪУЭ утыкум япэу я унагъуэ сатум щытепсэлъыхьар Шэркэс Мэхьмудщ: «Си адэшхуэм и адэм 1803 гъэм ищIын щIидза уэ щытащ сабын. Сэ мы IэщIагъэм ныбжь лъэхъэнибл къыщызэзынэкIа лъэпкъым срищIэблэщ. Мыбдежым, Триполи къалэм лэжьэн щыщIадзэри, а IэщIагъэр ямыгъэтIылъу къэгъуэгурыкIуахэщ си япэ итахэр».

«Шэркэсхэ къызыхэкIа лъэпкъкIэ Кавказым щыщщ, политикэ гугъуехьым къыхэкIыу, я Хэкур ябгынауэ, - етх «Собейрут» газетым. - 1803 гъэм ахэр «Мысыр хьэщIэщ» зыфIаща, XIV лIэщIыгъуэм яухуауэ щыта гъуэгурыкIуэ хэщIапIэм и 4-нэ къатым щIэтIысхьауэ щытащ, иужькIэ ар IуэхущIапIэ яхуэхъужащ. А зэман дыдэм хуехь Шэркэс Мэхьмуд я унагъуэм сабын ящIын щыщIадза зэманыр. Езыр щIалэ цIыкIуу щытыху, Мэхьмуд и адэм зэрыдэIэпыкъуур нэхъыбэт, еджэным зэрелIалIэм нэхърэ. ЕджапIэм къыщIагъэкIыну лъэIуэрей щIалэм апхуэдэ хуитыныгъэ къыщыIэрыхьар илъэс 13 ирикъуа нэужьщ, абы лъандэрэ сабын ещI».

Зэрыунагъуэу зыхэпщIа сатум укIэлъыплъыну сыт щыгъуи гухэхъуэщ. ЦIыхухъухэм - Мэхьмудрэ абы и къуэ Ахьмэдрэ - сабыныр зэхалъхьэ, ягъавэ, къупхъэм иракIэж, ягъэдий, кърахыж, зэпагъэжри, гъущын хуэдэу зэтрагъэсыж. ЦIыхубзхэм - Мэхьмуд и щхьэгъусэмрэ ипхъуухэу Линэрэ Сафэрэ - ар цIыхухэм лъагъэIэсыным нэхъ йолIалIэ. Сабыныр щэныр, и фIагъыр хъыбарегъащIэ Iэмалхэмкlэ зэбгрытыкIыныр, мыхъур тегъэуэныр, зэкIуэцIылъхьэныр - ахэр нэхъ лэжьыгъэ тыншу щытми, хэлъэтыншэу пхузэфIэгъэкIынукъым.

«Шэркэс» сабыныр Ливием нэхъ щыцIэрыIуэ сабын лIэужьыгъуищым язщ. Нэхъыбэр щыгъуазэщ, ауэ зымыщIэхэми ящIапхъэщ сабыныр къыщежьар КъуэкIыпIэ гъунэгъуурауэ зэрыщытыр. Мыбдежым ахъуэ (оливэ) дагъэр щыкуэдщи, сабын къызыхащIыкIыр аращ, Шэркэс унагъуэми ар жаIэ зэпыт. Я сабын зэхэлъхьэкIэр къызэрыгуэкI дыдэу, пасэрейхэм къыбгъэдахауэ зэрыщытыр, лIэщIыгъуэ бжыгъэ хъуауэ зэрахъумэр къыхощ абыхэм я хъыбархэм. Мэхьмуд зэрыжиIэмкIэ, ахъуэм япэу къыщIаху дагъэр шхыным макIуэ, етIуанэ къыщIэхугъуэр сабынищIхэм ящэху. КъинэмыщIауэ, мыбдежым щащI зи цIэр Сирием и Хьэлэб къалэм ирапх сабын лIэужьыгъуэри. Ар къызыхащIыкIыр фIарэ (лавр) къэкIыгъэм къыщIаху дагъэрщ. Ахъуэм къыхэщIыкIар гъуэжьыфэмэ, фIарэм къыхэщIыкIар сабын удзыфэщ. Иджыпсту IэрыщI сабынхэр куэд щыхъуащ дунейм. ИтIани, хьэрып къэралхэм щызекIуэхэм уалъэщIыхьэну гугъущ, сыту жыпIэмэ, дагъэхэкIхэр къэкIыгъэ нэхъыфI дыдэхэм къызэрыхахым нэмыщI, абыхэм хым хэлъ шыгъури къагъэщхьэпэ, абы сабыныр нэхъ быдэ ещI.

«Сабын щIыкIэм зыгуэркIэ зихъуэжа фи унагъуэм къикIуа гъуэгуанэм и кIыхьагъкIэ?» - жаIэу щеупщIым, Мэхьмуд къажриIащ: «Нэхъ ягъэщIэращIэу зэрыхъуар аркъудейщ».

Индыбзэ, франджыбзэ, нэмыцэбзэ, хьэрыпыбзэ, инджылызыбзэ, урысыбзэ - мыбдежым сабын къащэхун е абы сабынищIхэр трагъэпсэлъыхьын папщIэ къэкIуахэм щызэбламых бзэ гъуэтыгъуейщ. Дэ Шэркэс унагъуэр дэзыгъэцIыхуар абыхэм я деж щыхьэщIа, Абхъазым икIа Дасание Давидщ.

Журналистхэм я зым зэрыжиIэжымкIэ, Шэркэс Мэхьмуд хьэщIэхэм епсэлъэху, зы дакъикъэкIэ и Iэр игъэувыIакъым. Зэ щIыгъуэу Шэркэсхэ сабын килограмм 60-м нэс ягъэхьэзыр, мазэм и кIуэцIкIэ килограмм 500-м нэс ящэ. Ар «Iэмал щIыIэ» жыхуаIэмкIэ ящIхэрщ.

Сабыным тетхъунщIыхьыжурэ иIэн хуейтеплъэр игъуэтыху къыкIэрагъэщэщхэм е ирожыщIэ (Мэхьмуд и щхьэгъусэм куэд щIауэ «порошок» къигъэщхьэпэжыркъым), е «Iэмал пщтыркIэ» лантIэ ящIыжри, шэрыб цIыкIухэр, санэхэр, къинэмыщI теплъэ гъэщIэгъуэнхэр хъыджэбзхэм къыхащIыкI. ХуэплIимэу щыт сабыным нэмыщI, IуэхущIапIэм кхъужьым, мыIэрысэм, уеблэмэ нэмэз щыгъэм ещхьу зэщIэбла сабынхэкIхэр щыболъагъу, псы игъэхъуам хадзэ шэрыб хъурей цIыкIухэри щыкуэдщ. Сабыныр ирырaIэну къагъэщхьэпэр ерыскъым халъхьэ хабзэ иIэгъэхэрщ. Мэхэм я гугъу пщIымэ, ахэр 10-м нос, Франджымрэ Алыджымрэ кърашу.

Мыпхуэдэу дагъэ къабзэм къыхащIыкI сабыныр куэдкIэ нэхъыфIщ, химиехэкI защIэу зэхэлъхэм нэхърэ. Нэхъ лъапIэу щытми, цIыхухэм мыхэр нэхъ щIащэхури аращ, сыту жыпIэмэ, мыбы уи щхьэцри кърикъэхунукъым, щIыфашхи уищIынукъым, уеблэмэ апхуэдэ гуэр къоуэлIамэ, уигъэхъужынущ.

ИщхьэкIэ къыщытхьа хъыбархэм зэман гуэр текIауэ щытщ. Иджыпсту сабынищI унагъуэм я Iуэху зыIутыр къэтщIэну дащыкIэлъыплъым, Мэхьмуд дунейм ехыжауэ цIыхухэр абы и къуэм зэрыхуэгузавэм дрихьэлIащ, ахърэт нэху Тхьэм кърит. Ауэ сабынищI IуэхущIапIэр абы и къуэ Шэркэс Ахьмэд егъэлажьэ. «Сэ сабынищI лIакъуэм сриебгъуанэ щIэблэщ, - жеIэ абы. - ЕджапIэм 8-нэ илъэс хъуху сыщеджащ, абы сыкъызэрыщIэкIрэ, иджы илъэс 22-м нэса хъунщ сабыным сызэрелэжьрэ».

Ахьмэд и шыфэлIыфэр зэдгъэцIыхуну и напэкIуэцIыр къыщытлъыхъуэм, хамэ къэрал адыгэхэм ядэтлъагъу хабзэ сурэтхэр мыбыи щыкуэду къыщIэкIащ. Езыр Кавказым зэрыщыщыр, ар зэри-Хэкур зэи игъэгъуащэркъым щIалэм, илъэс къэс накъыгъэм и 21-м и напэкIуэцIыр нэщхъеифэщ, Кавказ зауэр и гум зэримыхур наIуэу.

Нобель и саугъэтыр - медицинэм

ЦIыху Iэпкълъэпкъыр зэрызэхэлъ «клетка» псалъэм иджыри къэс налъэкIэ деджащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, ди псалъалъэм абы хуэкIуэпсу «хъуэмб» псалъэр къыдет. Ар мы тхыгъэм къыщыдмыгъэщхьэпэу хъунукъыми, занщIэу дигу идвгъэубыдэ. Зи гугъу тщIынур лыш узыфэм пэщIагъэувэну Iэмалыщ Iэ е бгъэдыхьэкIэщIэ къызэIузыха щIэныгъэлIхэу Нобель и цIэр зезыхьэ саугъэтыр зратахэрщ.

БРУНКОЙ Мэри, Рамсделл Фред, Сакагучи Симон - а цIыхуищым иратащ зи гугъу тщIы саугъэтыр 2025 гъэм. Я ехъулIэныгъэр «Т-хъуэмб» жыхуаIэу ди Iэпкълъэпкъым и узыншагъэр зыхъумэхэр къызэрызэIуахарщ, «тимус» псалъэр ягъэкIэщIу. Иджыри зы псалъэщIэ къыщыдгъуэтащ псалъалъэм: «узмыщтэ». Апхуэдэу, къызэрывгурыIуащи, йоджэ «иммунитет» мыхьэнэмкIэ тцIыху, цIыхум уз къезымыгъэуалIэ къарум. Зи хъыбар етшэжьа Т-хъуэмбхэр мис а ди узмыщтэ къарум зауэлI папщIэу хэтщ. Абыхэм яхузэфIокI вирусхэри, бактерие къытхуэмыщхьэпэхэри, уеблэмэ лыш хъуэмбхэри зэтрашхыхьын. Нобель саугъэтыр зыхуагъэфэща лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ, медицинэм къалэн къыхукъуэкIауэ, Т-хъуэмбхэм унафэ зэрыхуащIыфыну Iэмалхэм йолэжь. А Iуэхур здынэсам щыгъуазэ дещI биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, РАН-м хыхьэ молекулярнэ биологиемкIэ институтым и щIэныгъэрылажьэ нэхъыщхьэ Купраш Дмитрий.

ЦIыхум узым зэрызыщихъумэ къарум, иммунитет хъужым, Т-хъуэмбхэм нэхърэ мыхьэнэ нэхъ зиIэ яхэткъым. Уз хьэлъэ гуэр къыщеуалIэм деж, абы щIыпэщIэмытыфынкIи хъунур Т-хъуэмбу иIэр зэрымащIэрщ. Уи Iэпкълъэпкъым хэт Т-хъуэмбхэр зэгуэр узыфэ щхьэхуэм пэлъэщамэ, а къарур илъэс пщIы бжыгъэкIэ Iэпкълъэпкъым къыхэнэфынущ, цIыхур а уз лIэужьыгъуэм щихъумэу, иммунитет хъужри аращ. Т-хъуэмбхэр Iэпкълъэпкъым и щIыбкIэ къыщебгъэрыкIуэ хъуэмб мыхъумыщIэхэми езым и кIуэцIкIэ къыхэхъукIхэми япэщIоувэф.

«Т-хъуэмбхэр зэбгъэщхьыфынур полицэхэрщ, - жеIэ Купраш Дмитрий. - Уи пкъым «щIэпхъаджащIэ» къыхэзэрыхьахэм япэщIэт зэпыт «узыншагъэхъумэщ» ахэр. Ауэ зэранщIакIуэм ебгъэрыкIуэ «полицэхэм» нэмыщI, абы хэт хабзэщ къебгъэрыкIуам ират жэуапыр егъэлеяуэ щымытыным кIэлъыплъ унафэщIхэри. Мис абыхэм я пIэ итщ Т-хъуэмбхэм я лIэужьыгъуэ щхьэхуэу «Т-зэзыгъэзахуэ» зыфIащахэр. Ахэр иджыри къэс зэрыщыIэр ящIакъым, ахэр къызэрагъуэтарщ Нобель и цIэр зезыхьэ саугъэтыр зи цIэ къитIуа цIыхуищым щIратар. Мыхэри Т-хъуэмбщ, абыхэми къацIыхуф вирус къэзыхь е лыш пкърытыфэ зраплъ хъуэмб сымаджэхэр. Ауэ абыхэм я къалэныр Iэпкълъэпкъым и зыхъумэжыкIэр щIагъэхуэбжьэнракъым, ар нэхъ тIасхъэ, щабэ ящIынырщ.

ЦIыху узыншэм и Iэпкълъэпкъым псори зэтеухуауэ щолажьэ, Дмитрий зэрыжиIэмкIэ. Зэран хуэхъуну гуэрым зэрызигъэхъейуэ, «лIыгъэ» зыхэлъ Т-хъуэмбхэр абы пэщIоувэ. Ауэ жэуапыр нэхъ щабэ щIын хуеймэ, ахэр изыгъэкIуэтыжыр Т- зэзыгъэзахуэхэрщ.

Иджы медицинэм и пщэдейрей махуэр зытеухуауэ щытынур сыт жыпIэмэ, мы дызытепсэлъыхьа Т- зэзыгъэзахуэхэм пхэнжу лэжьэн щыщIадзэ щхьэусыгъуэхэр зэхагъэкIынырщ, сыту жыпIэмэ, Iэпкълъэпкъ сымаджэр зымыгъэхъужыр абыхэм я лэжьыгъэр зэтезыху гуэр къазэрыхэзэрыхьырщ. Апхуэдэм деж Iэпкълъэпкъым и узмыщтэ къарум, иммунитетым езым зызэпэщIесэжри, цIыхур узыншэ хъужыфыркъым.

ЕтIуанэ бэлыхьу Т-зэзыгъэзахуэхэм япыщIар ахэр куэдыIуэ щыхъу къазэрыхуихуэрщ. Апхуэдэу мэхъу цIыхум лыш къыщеуалIэм деж. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, Т-хъуэмб къызэрыгуэкIхэмрэ Т-зэзыгъэзахуэхэмрэ бжыгъэкIэ зэрызэхущытым елъытащ цIыхур хъужынрэ мыхъужынрэ. КъызэрыгуэкI Т-хъуэмбхэр нэхъыбэмэ, хъужынущ. Т- зэзыгъэзахуэхэр нэхъыбэмэ, фIым ущыгугъыну гугъущ. Къиину мы Iуэхум хэтыр Т-зэзыгъэзахуэхэмрэ къызэрыгуэкIхэмрэ зэрызэщхьырщ, абы къыхэкIыу, узыхуейхэр нэхъыбэ пхуэщIыркъым, цIыхум ущеIэзэм деж. Иджыпсту щIэныгъэлIхэр зэлэжьыр аращ: хъуэмбхэр къыхахыу, ахэр зыхуей лIэужьыгъуэм хуэдэ ящIу Iэпкълъэпкъым халъхьэжыфу зрагъасэмэ, уз бзаджэхэм ятекIуэным нэхъ пэгъунэгъу хъуауэ къыщIэкIынущ.

КIуэдыжа IэщIагъэхэмрэ къэунэхухэмрэ

Игъащlэкlэ екlуэкl щыlэкъым: IэкIэ зэлэжьу щыта куэд техникэкIэ къагъэIурыщIэ хъуащ, акъылкIэ цIыхур зыпэрыт IэнатIэхэм нобэ къэухь Iэрыщlыр къатогуплIэ, IэщIагъэ гуэрхэми дащыхуэмыныкъуэж щыIэщ.

ПСАЛЪЭМ папщIэ, кинотеатрхэм куэд щIауэ пианинэ щеуэ щыIэжкъым, телефонкIэ упсэлъэн щхьэкIэ узэпызыщIэу щыта цIыхум и Iуэхутхьэбзэми дыхуеижкъым. ЦIыхум нобэ къызэрыгуэкIыу къытщыхъуу дызэса тыншыгъуэхэр нэхъ пасэм ягъуэтын папщIэ, лIыщIэхэр яIэн хуейт. Иджыпсту смартфон Iыгъ закъуэ! Узыхуей сыт хуэдэ Iуэхутхьэбзэри абыкIэ зэфIэбгъэкIыфынущ.

Сыт хуэдэ IэщIагъэхэр иужьрей илъэси 100-м дунейм текIыжауэ пIэрэ тIэ?! Апхуэдэхэр 20-м щхьэдэхащ. Зыбжанэм мыбдеж дыкъытеувыIэнти.

Машинисткэ. Мы IэщIагъэр 1990 гъэхэм кIуэдыжауэ къагъэлъагъуэ, тхыгъэхэр зэрытрадзэ Iэмэпсымэм и пIэкIэ, компьютерхэмрэ принтерхэмрэ къагъэсэбэпу щыщIадзам. Ауэ илъэс 30 ипэ машинисткэхэр (а IэщIагъэр нэхъыбэу зиIэр цIыхубзхэрат) дэтхэнэ IуэхущIапIэми иIэу щытащ, махуэ псом Iэрытх пщIы бжыгъэхэр, уеблэмэ зы дакъикъэм хьэрф 200, тхылъымпIэм традзэфу, зэзакъуи щыуэну хуимыту щытащ. Арыншамэ, тхыгъэр щIэрыщIэу традзэжын хуей хъунут. Абы тепщIыхьмэ, гъэщIэгъуэнкъым щыуагъэр зэрызрагъэзэхуэж ткIуаткIуэр цIыхубз машинисткэм, Грэм Бетт Несмит, къызэригупсысар.

Телефонисткэ. Телефон станцыр къагупсысын ипэкIэ, цIыхухэм IэкIэ зыпащIэн хуейт. Мы лэжьыгъэри нэхъыбэу бзылъхугъэхэрат зыгъэзащIэр. Ар IэщIагъэ нэхъ пажэхэм икIи цIэрыIуэхэм хабжэрт: лэжьакIуэ къащтэр макъ дахэ, хьэл зэпIэзэрыт, узыншагъэ быдэ зиIэ цIыхубзхэрт, къищынэмыщIауэ, коммутаторым и щхьэ дыдэм лъэIэсын хуэдэу, ар лъагэуи щытын хуейт.

Бжыгъэхэр зезыгъакIуэ (счетовод). Компьютерхэр къежьэн ипэ, бзылъхугъэхэм яIа IэщIагъэхэм ари ящыщщ. ЦIыхубз-къэзыбжхэр елэжьырт инженер ухуэныгъэшхуэхэм я проект зэхэлъхьэнми япэ къызэрабж Iэмэпсымэхэр зэхэгъэувэнми.

ЩIэныгъэншагъэм и лъэхъэнэм *писархэм* щIэупщIэ яIэт письмохэр, дэфтэрхэр ирагъэтхыу. Ахэр унагъуэ бейхэм, къулъшырыфхэм, кхъухьхэм, уеблэмэ къуажэхэм щылажьэрт, цIыху щIэныгъэншэхэм я тхылъымпIэхэр ягъэхьэзырынымкIэ ядэIэпыкъуу. Егъэджэныгъэм, тхыгъэ зэрытрадзэ Iэмэпсымэхэм, иужькIэ, компьютерхэм заужьри, писарь IэщIагъэм хуэмеиж хъуащ. Нобэ абыхэм я къалэну щытахэм ящыщ гуэрхэр ягъэзащIэ секретархэм.

XIX лIэщIыгъуэм печатым и Iэмэпсымэ нэхъ цIэрыIуэу щытащ *литографиер*. Абы елэжь цIыхур зы лъэныкъуэкIэ IэпщIэлъапщIэуи щытыпхъэт, мывэ пхъэбгъухэм сурэтхэмрэ тхыгъэмрэ къыхиIущIыкIын хуейти. Офсет печатымрэ бжыгъэ Iэмалхэмрэ зауэжьри, литографием и мыхьэнэр кIуэдащ, абы щIыгъуу мывэр зэпызыупщI IэщIагъэри бзэхыжащ.

Уэздыгъэ щIэзыгъанэ (фонарщик). Апхуэдэ IэщIагъи щыIащ. Пасэм уэрам уэздыгъэхэр IэкIэ щIагъэнэн, ягъэункIыфIын, дагъэ иракIэн, щIэх-щIэхыурэ ягъэкъэбзэн хуей хъурт. Ахэр цIыху щхьэхуэхэм я къалэнт: а IэщIагъэм XIX лIэщIыгъуэм ику пщIондэ хуэныкъуэу къекIуэкIащ, дагъэ уэздыгъэхэр газ уэздыгъэхэмкIэ зэрахъуэкIыху.

Шыгуху. Нобэрей машинэзехуэхэм япэкIэ щыIа IэщIагъэщ. Абыхэми иджыпсту хуэдэу къалэхэр зэпащIэрт, цIыхухэр къызэрырашэкIым нэмыщI, хьэпшыпхэр, газетхэр, пощткIэ ирагъэхьхэр ягъэIэпхъуэу. Къэбгъэлъагъуэмэ, ди зэманым шы тесыныр цIыхум и нэгу зэрызригъэужь, зыгъэпсэхуакIуэхэр къызэрыдахьэх Iуэхуу аркъудейщ.

Лектор - мыр тутын фабрикэм и лэжьакIуэт. Абы и къалэнт лэжьакIуэхэм хъыбар гъэщIэгъуэнхэр яжриIэурэ я гукъыдэжыр къиIэтыну, я Iуэхур ядигъэпсынщIэну. Кубэм къыщежьа IэщIагъэр нэхъыбэу цIэрыIуэ щыхъуар Нью-Йорк дежт. Ауэ щIэх дыдэу лекторхэр радиокIэ зэрахъуэкIащ, профсоюз зэщIэхъееныгъэм и сэбэпынагъымрэ коммунист политикэ тхыгъэхэмрэ лэжьакIуэхэр зэрыщагъэгъуазэр унафэщIхэм яфIэмыкъабылу.

Псыхь. Ди зэманым псыр псоми зэуIуу къаIэрохьэ. Ауэ ар зэтеубла хъун ипэ, а Iуэхур псыхьхэм зэфIагъэкIыу щытащ. Къапщтэмэ, иджыпстуи IэнатIэ щхьэхуэхэр щыIэщ, цIыхухэм зэфэну псыр хуашэу. Ауэ псыр зрикIуэ бжьамийхэмкIэ дыкъызэгъэпэщащи, псыхьым апхуэдэу дыхуэныкъуэкъым.

Хущхъуэу къалъытэ *псыдыуэхэр къыщIэхыным* елэжь цIыхуи щыIащ. XIX лIэщIыгъуэм Европэм щIэупщIэшхуэ а IэщIагъэм щиIэт. Дохутырхэм а къалэныр ягъэзэщIэнутэкъыми, хэхауэ а Iуэхур зэфIэзыгъэкIхэр щыIэт. Иджыпсту зэрытщIэщи, псыдыуэхэр шэдылъэхэм къыщыубыдын хуейкъым, ахэр щIыпIэ хэхахэм къыщагъэхъу.

Жьы хъуа хьэпшыпхэр къыхэзых цIыху. Абыхэм къалэхэмрэ къуажэхэмрэ къызэхакIухьырт щыгъыныжьхэр, гъуаплъэ хьэпшыпхэр, бажафэхэр къащэхуу е зыгуэркIэ къахъуэжу. Езыхэм я деж щыбгъуэтынут сэ, уэздыгъэ хуэдэхэр, нэгъуэщI хьэпшып цIыкIуфэкIухэр. Балигъхэм гуэдзкIэ, джэдыкIэкIэ е шатэкIэ къахъуэжырт мастэхэр, Iуданэхэр, кIапсэхэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэ сатуущIхэр уэрамым зэрыдыхьар кърагъащIэрт бжьакъуэкIэ ягъаджэ макъкIэ.

Мыл къэзышэ. Дунейм нэхъ и хуабэгъуэ дыдэм къагъэсэбэпыну мылыр зэхуэхьэсынымрэ ар хъумэнымрэ дунейм и къэрал куэдым щелэжьу щытащ. Ауэ XIX лIэщIыгъуэм мылыр щэным елэжь IуэхущIапIэхэри къэунэхуат, щIымахуэм псыгуэнхэм я щхьэфэм къыгуаудурэ мылыр зыхуейм лъагъэIэсу. Апхуэдэ IэщIагъэр щыщыIар щIыIалъэхэр къамыгупсыс щыкIэщ. Псалъэм папщIэ, лы зыщэхэр хуэныкъуэт апхуэдэ Iуэхутхьэбзэм.

ЦIыху-къэзыгъэуш (человек-будильник). Инджылызымрэ Ирландиемрэ будильник щамыIэ зэмант. ЦIыхухэр нэхумыщым къэтэджу лэжьакIуэ дэкIын хуейти, ахэр къэзыгъэуш IэщIагъэ къагупсысащ. Апхуэдэ лэжьакIуэм и къалэнт жьыуэ уэрамхэм ирикIуэурэ унэ къэс щхьэгъубжэм теуIуэу, абы щIэсхэр къигъэушыну. Ар абдеж къыIукIыжыртэкъым зытеуIуа унэм щIэсхэр зэрымыжейр хьэкъыу пхыкIыху.

IэщIагъэ кIуэдыжахэр дызыгъэнэщхъеин Iуэхуу щыткъым, абы къигъэлъагъуэр зыщ - цIыхубэм, дунейм зэрызаужьырщ.

Къэухь IэрыщIым и нэIэм щIэувэнухэр

Зи гугъу тщIа IэщIагъэхэр тхыдэм щыщ зэрыхъужар нэрылъагъущ. Иджы ди лъэхъэнэм дытепсэлъыхьмэ, къэкIуэну зэманми апхуэдэ дыдэу кIуэдыжынкIэ шынагъуэ пылъу щыIэщ IэщIагъэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщу къагъэлъагъуэ, псалъэм папщIэ, колл-центрым и оператор IэщIагъэр. Дегупсысмэ, иджыпстуи нэрылъагъуу абыхэм я къалэн куэд зэфIагъэкI телефонхэм хэт макъ дэIэпыкъуэгъухэмрэ чат-ботхэмрэ. КъыкIэлъыкIуэу, кассирхэм дыхуэмеижынри хэлъщ - тыкуэнхэм, банкхэм кIуэ пэтми нэхъыбэ щохъу терминалхэр.

ГъэтIылъыпIэхэм щIэт лэжьакIуэхэри лъэныкъуэ ирагъэзынри зыхуэIуа щыIэкъым - IуэхущIапIэхэм робот-хьэлъэзешэхэр, хьэпшып зэхэзыдзхэр къагъэсэбэпу хуежьащ. КъызэрагъэлъагъуэмкIэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу, логистикэ центр инхэр къэухь IэрыщIым и нэIэм щIэувэфынущ.

Дызытепсэлъыхь IэщIагъэхэм яхэтщ бухгалтерым ейри. Иджырей программэхэм цIыхухэм нэхърэ нэхъ псынщIэу икIи щыуагъэ нэхъ мащIэ хэту къапщытэу, къабжу къыхагъэщ. КIуэдыжынухэм ящыщщ типографхэри жьы хъуа Iэмэпсымэхэр зыщIыж IэщIагъэлIхэри.

КъэкIуэнум и IэщIагъэхэр

ГъащIэм зыщиужькIэ, нэхъ пасэм димыIа хьэпшыпи IэщIагъи къызэрыунэхунур хьэкъщ. Сыт хуэдэ тIэ ахэр жытIэу дылъыхъуэмэ, ди зэманым къыхэшэпсыхь къэухь IэрыщIым зыбжанэ къытхурибжэкIынущ. Псалъэм папщIэ, къэунэхуну хуагъэфащэ цIыху-машинэ зэпыщIэныгъэм и дизайнер IэщIагъэр (цIыхухэмрэ робот системэхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр зыубзыху, Iэмэпсымэхэр гурыIуэгъуэ зыщI IэщIагъэлI); къэухь IэрыщIымрэ робототехникэмрэ цIыхум и шынагъуэншагъэр къыщылъытэнымрэ ахэр хабзэхэм къызэрезэгъымрэ кIэлъыплъ лэжьакIуэ; ИИ-м и гъэсакIуэхэр (IэщIагъэлIхэм нейросетыр хуагъасэ хэкIыпIэхэр пэжу къигъуэтыным, псом хуэмыдэу щытыкIэ гугъухэм деж); биопечатым и инженер - апхуэдэ IэщIагъэлIым псэ зыIутхэр зэрызэхэлъыр 3D-печаткIэ къызэригъэлъэгъуэну технологиехэр зэхелъхьэ, донор Iуэхум пылъ гугъуехьхэр зэфIегъэкI; цIыхур къызытехъукIахэр иджыурэ узыфэ иIэнкIэ хъунум зэрыпэщIэтынур къэзыхутэ чэнджэщэгъу щыIэнри дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэр езыгъэфIэкIуэж IэщIагъэлI диIэнри (къэхутэныгъэхэмрэ инженер бгъэдыхьэкIэхэмрэ я тегъэщIапIэу) хэлъщ.

Къэухь IэрыщIым зиужькIэрэ сыт хуэдэу щIэгъэкъуэн ар къытхуэхъуми, гурыIуэгъуэщ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр икIи нэхъ гугъухэр цIыхум фIэкIа зэрыхуэмыгъэзэщIэнур, нобэ хуэдэу, пщэдеи дохутырхэм, егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм, ди шынагъуэншагъэр зыхъумэхэм, нэгъуэщI IэщIагъэлI куэдми дызэрыхуэныкъуэнур, дэтхэнэми и лэжьыгъэ мытыншым пщIэ зэрыхуэфащэр.

Тхыгъэри сурэтхэри **БАГЪЭТЫР Луизэ** *ейщ.*

Хабзэ зыфIащ псори щхьэпэкъым

Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэм жылагъуэ зэпэщIэтыныгъэ къыщыхъеям теухуауэ псалъэ зыбжанэ жытIэмэ, зэхэзых псоми акъыл гуэр къызэрыхахынум шэч къытетхьэркъым. Ди деж апхуэдэ псалъэмакъ зэрыщемыкIуэкIым апхуэдэ лъэпощхьэпо димыIэу къикIыркъым, ди жагъуэ зэрыхъущи. Зи гугъу тщIынур Къэбэрдей-Балъкъэрым фIыуэ щацIыху, гъунэгъу республикэм и муфтий Гацалов Хаджимурад и лъэпкъэгъухэм ефэ-ешхэкIэ зэрырагъэлейм тепсэлъыхьа нэужь, къэхъея псалъэмакъырщ.

IУЭХУМ къыщыщIидзар илъэс блэкIам и кIэм екIуэкIа Iэнэ хъурейрщ. Осетинхэм ягъэлъапIэ хабзэ Джеоргубэ лъэпкъ махуэшхэм теухуауэ Гацаловым жиIахэр зыгуэрхэм пхъашэIуэу къащыхъуащ: «Профессор гуэрым седэуащ Джеоргубэм теухуауэ. «Ар махуэшхуэщ, сыт жыпIэр?» - жиIэурэ къызэдауэрт апхуэдизу шейтIаным иубыда а цIыху губзыгъэр. УтIысрэ тхьэмахуэ псокIэ ушхэрэ уефэу ущысыныр сыт делагъэ, жесIащ. Абы мылъкурэ зэману текIуадэми цIыху бжыгъэу игъэхьэулейми я гугъу сщIыркъым. Тонн дапщэ мы тхьэмахуэ закъуэм Осетием щрафамрэ щашхамрэ зыхуэдизыр? Махуэшхуэ зыфIэфща а фи дауэдапщэм тхьэмахуэ псокIэ фыщофэ. Мин пщIы бжыгъэкIэ Iэнэхэр вгъэуващ, цIыху щэрэ минхэр щывгъэсащ, апщIонэху ди щIалэгъуалэм факъыщхьэщыжу, ахэр зыхэт зы лъэпощхьэпом фытепсэлъыхьа? Хьэуэ! Фыуэршэру, фыщIефэн щхьэусыгъуэ фиIэн щхьэкIэ, зы хъуэхъужьым еуэ-еуэу къытевгъазэу фызэхэсауэ аращ. Адрей псори абы и теубгъуэнщ. Удохутырми, уакадемикми, фадафэ Iэнэм ухэзэрыхьамэ, абдежым нэхъыкIэ дыдэу щысхэм уарещхьу аращ, фIы щIагъуэ къыппымыкIыну».

Осетием мыр къыщохъу щыжытIэкIэ, республикэм и Iуэхур зэIыхьауэ, ахэр нэхъ зэпэщIэувэрейуэ къыпфIэщIынкIи хъунущ. ИпэжыпIэкIэ, а республикэм жылагъуэ лэжьакIуэхэр, блогер лъэрызехьэхэр исщ, я цIыхубэ гъащIэри куэдкIэ нэхъ щIэгъэхуэбжьащ, аращ я деж щекIуэкI псори хэIущIыIу щIэхъур. Гацаловым жиIар зигу иримыхьахэм къару нэхъыбэ зиIэу яхэтыр жылагъуэ лэжьакIуэ Бугулов Леоу къыщIэкIащ. Акъылэгъу куэд зэриIэр къыгурыIуа нэужь, Бугуловым хабзэхъумэхэм наIуэу захуигъэзащ, Гацаловым и псалъэхэм осетин лъэпкъыр зыгъэпуд мыхьэнэ хэтрэ хэмытрэ зэхагъэкIыну. АпщIондэху псалъэмакъыр лъэпкъым и пэж зэхэгъэкIыпIэ хъуащ, щхьэж езым и еплъыкIэр игъэзэхуэну хэту. Дауи, дэри ди еплъыкIэхэр зэтехуэркъым, ауэ апхуэдэу зэIухауэ, зыгуэркIэ ягъэкъуэншэнкIи мышынэу, я гупсысэхэр къызэрагъэлъагъуэм IупщI ещI Осетием щекIуэкI жылагъуэ гъащIэм лъабжьэ зэриIэр.

Гацаловым къыщхьэщыжахэм язщ мызэ-мытIэу зи гугъу тщIа депутат Дидаров Сослъэн: «Си щхьэкIэ, Гацаловым жиIахэм гум ежэлIэн къуаншагъэ яхэслъэгъуакъым. Ар зытепсэлъыхьар ди хабзэмрэ дауэдапщэхэмрэкъым, ахэр пхэнжу къазэрыгурыIуэрщ, лъэпкъ хабзэ фIащу, цIыхухэр тхьэмахуэ псокIэ зэрыхьэулейрщ, я ныбэр якъуу, фадэм зрагъэтхьэлэу, хабзэр зэIащIэрэ абы хэмылъ халъхьэу. Сыт мыпэжу ди нэхъыжьыфIым жиIар?»

Муфтийм зэриакъылэгъур ибзыщIакъым Осетие Ищхъэрэ - Аланием и следственнэ управленэм илъэс куэдкIэ щылэжьа Цоков Феликси: «Кавказ республикэ псоми хэхъуэ яIэщ, Осетием иужьрейуэ екIуэкIа къыхэтхыкIитIым я зэхуакум дивизитI хуэдиз хъун цIыху бжыгъэ яхэщIащ. ФадэкIэ щрагъэлей хабзэ мыухыж йокIуэкI, ди лъэпкъыр ирилъэсыкIыу. Гацаловым и псалъэ къэс си Iэ щIызодз. Ар хабзэм ефшэлIэнумэ, сэри сефшалIэ».

ЩIышылэм и 12-м хэIущIыIу хъуа Бугуловым и тхьэусыхафэм и ужькIэ, Гацаловым абы зыпэщIисэн я гугъа щхьэкIэ, апхуэдэ къэугъэи къэхъеякъым. Муфтийр утыкум къихьэри, Бугуловым и псалъэхэм езыр ягъэпудауи, езым жиIахэмкIэ осетинхэм я Iей зэрызэримыхуари къыхэщу, псэлъащ. «Кавказ Ищхъэрэ псом хэщIыныгъэ нэхъыбэ щызиIэр ди республикэращ, - жиIащ абы. - Осетием цIыхухъухэр щынэхъ гъащIэ кIэщIщ. Псоми япэ дитщ фадэм къыхэкI кIуэцI узхэмкIэ: лъатIэ-кIэтIий узыфэхэмкIи, гу-лъынтхуэ узхэмкIи. Сэ жысIар зытеухуар Джеоргубэ махуэшхуэратэкъым, ди ефэн-ешхэнымрэ хьэгъуэлIыгъуэхэмрэт. МахуиблкIэ Iэнэ упэрысыным фIы къызэримышэр щапхъэу къэсхьауэ аркъудейщ. ЦIыхум и уасэр къэзыгъэлъагъуэр абы жиIэ хъуэхъухэракъым, атIэ и мурадхэр зэрыкъабзэмрэ и IуэхущIафэхэр зэрыдахэмрэщи, мис абыхэм дыщызыкъуэвгъэувэ, дылъэпкъыр пэжмэ».

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

ПащIэ Бэчмырзэ и тхыгъэхэм къоджэ

Сабийхэм я библиотекэм, ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэм, щекIуэкIащ «ПащIэ Бэчмырзэ и къеджэныгъэхэр» зэхыхьэ щхьэпэр. КъыжыIапхъэщ, мы Iуэхугъуэ щIапIэм и лэжьакIуэхэм, хабзэ хъуауэ, гъэ къэс мыпхуэдэ Iуэху къызэрызэрагъэпэщыр.

Пэшым щагъэуващ «Человек, сказитель, литератор» тхылъ дапхъэр. Абы халъхьащ ПащIэ Бэчмырзэ и Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэр щызэхуэхьэса тхылъ купщIафIэхэр, и гъащIэмрэ гуащIэмрэ, и тхыгъэ щхьэхуэхэм ятеухуауэ щIэныгъэлIхэмрэ тхакIуэхэмрэ ятхахэр.

ЗэIущIэм ирагъэблэгъащ композитор, усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ ХьэIупэ ДжэбрэIил, Налшык къалэм и гимназие №29-м и еджакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ.

ДжэбрIэил ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ адыгэ усыгъэмрэ литературэмрэ я зэхэублакIуэ ПащIэ Бэчмырзэ и гъащIэмрэ гуащIэмрэ, усакIуэм къищынэмыщIауэ, жылагъуэ лэжьакIуэуи ар тхыдэм къызэрыхэнам, и усэхэм, уэрэдхэм, хъуэхъухэм, гъыбзэхэм нобэр къыздэсым щIэупщIэшхуэ зэраIэм. Ар ныбжьыщIэхэм къахуеджащ и адэшхуэм итха «Гъыбзэ» усэм, езым и Iэдакъэ къыщIэкIахэми щигъэгъуэзащ.

- Макъамэр усэм зэран хуэхъуркъым. ЗэрытщIэщи, псалъэри макъамэу зэхэлъщ, - жиIащ ХьэIупэм. – «ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ», - жиIащ пасэрей псалъэжьым. ПащIэ Бэчмырзэ сыкъызэрытехъукIар арагъэнщ къалэмыр къасщтэу усэ тхылъ къыдэзгъэкIыным сытезыгъэгушхуар. Си усэхэм яхэтщ Бэчмырзэ тезухуаи.

ПащIэ Бэчмырзэ щIыхь зыпылъ гъащIэ къикIуащ. Псэуху ар зыхуэлэжьар цIыхубэрщ, лъэпкъ литературэрщ, къызыхэкIам Iуэхутхьэбзэ яхуищIэнырщ. УсакIуэр езым зэхилъхьэжа алфавиткIэ тхэуэ щытащ, есэпым, логикэм, астрономием, дин Iуэхум кууэ щыгъуазэу щытащ, и усыгъэр классикэ литературэм щыпашэ гъэпсыкIэхэм хуэхеякъым. ПащIэ Бэчмырзэ езыр-езыру, хамэ усэкIэм бзыпхъэ тримыхыу, лъэпкъ усыгъэм и зыужьыныгъэм иригъуазэу, япэ итахэм яхэлъа фIы псори къызэщIиубыдэурэ усэным и хабзэщIэ къезэгъырабгъу гуэрхэр хилъхьэжурэ, адыгэ усыгъэр тхыгъэ хабзэм и гъуэгум тригъэуващ. ГурыIуэгъуэщ жьабзэ творчествэмрэ тхыбзэ творчествэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр икIи ар икъукIэ хэлъхьэныгъэшхуэу хузэфIэкIащ усакIуэм. Бэчмырзэ и Iэужьхэр езым зэхигъэува хьэрфхэмкIэ тхауэ хъумащ, адрейхэр тхыгъэу ямыгъуэтыжа щхьэкIэ усакIуэм и ныбжьэгъухэм, и къуажэгъухэм, и бынунагъуэм щыщхэм е зэи ар зымылъэгъуахэм IуэрыIуэтэжу зэраIурылъым хуэдэу ятхыжащ. Япэрейхэр зы къупхъэм итщ, етIуанэхэм вариант зэтехуэ яхэтщ. Адыгэ тхыбзэ творчествэм зегъэужьыным, ар къэунэхуным цIыху щэджащэ куэд хуэлэжьащ, ауэ ПащIэм абыкIэ хузэфIэкIар къахощхьэхукI. Абы къыщIэнащ пасэрей джэгуакIуэхэм я уэрэд усыкIэ хабзэм тету зэхэлъхьа уэрэдхэр, зыхуэза Iуэхугъуэ гуэрым ехьэлIауэ кIуэрыкIуэм тету джэгуакIуэм зэхилъхьэу щыта усэхэр, псалъэ пэжхэр.

Жылагъуэ IуэхукIэ ПащIэр Тыркум, Сирием, нэгъуэщI щIыналъэхэм щыIащ. ИстамбылакIуэм и зэманти, адыгэр Хэкум иIэпхъукIырт. «Тыркур муслъымэн жылэщ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуа хэкущ, жэнэт унапIэщ» - жаIэрти. Бэчмырзэ и псэ мызагъэр апхуэдэ гузэвэгъуэм блэкIыфынт?! Зэрыкъэбэрдейуэ доунэхъу, жиIэри Тыркум плъакIуэ кIуащ ар. «Хым икIыжахэм» я натIэ хъуар абы игъэунэхури къигъэзэжащ икIи ар IэфIми дыджми къиIуэтэжащ: «Фыщалъхуа хэкум и щIыбагъкIэ насып фыщымылъыхъуэ».

ЕджакIуэхэр Бэчмырзэ и усэхэмрэ псалъэ пэжхэмрэ гъэхуауэ къеджащ, усакIуэм и гъащIэ гъуэгуанэмрэ и тхыгъэхэмрэ фIыуэ зэрыщыгъуазэр ягъэнаIуэу.

Библиотекэм и лэжьакIуэхэм къыхагъэщащ ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр я IуэхущIапIэм зэрихьэ къудей мыхъуу, Налшык къалэм и фIэщыгъэм къыгуэхыпIэ имыIэу зэрепхар. Къалэ уэрамхэм ящыщ зым усакIуэм и цIэр зэрехьэ, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм абы и фэеплъ щагъэуващ.

Пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIахэм ар щIэщыгъуэ ящыхъуауэ, щIэ куэд къащIауэ зэбгрыкIыжащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Езыр зыхуэпабгъэр артист IэщIагъэрт

КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэр театр гъуазджэмкIэ и Къэрал саугъэтыр (IутIыж Борис и «Эдип» пьесэм къытращIыкIа спектаклым Эпикастэ и ролыр зэрыщигъэзэщIам папщIэ) зыхуагъэфэща, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и гупым зи артист Iэзагъэкlи зи теплъэкIи нэхъ къахэщу щытахэм яз, адыгэ щэнхабзэмрэ театр гъуазджэмрэ хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа Джэдзауэ Венерэ псэужамэ, щIышылэм и 26-м и ныбжьыр илъэс 80 ирикъуат.

ЛЭСКЭН районым хыхьэ Анзорей къуажэм 1946 гъэм къыщалъхуащ Венерэ. Ар пасэу дахьэхащ адыгэ, урыс цIыхубэ уэрэдыжьхэмрэ къафэхэмрэ. Къищынэмыщ Iауэ, хамэ къэрал классикэ литературэм щыщхэу Мопассан, Стендаль, Бальзак, Жорж Санд, нэгъуэщIхэми я Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъ цIэрыIуэхэм етхуанэ классым щыщIэсым еджэну хунэсат. Дохутыр хъуну абы и анэр щIэхъуэпсми, езы Венерэ зыхуэпабгъэ артист IэщIагъэм хуеджэну Iэмал къыхукъуэкIащ, и насып кърихьэкIри. Драмтеатрым папщIэ артистхэр щагъэхьэзыру Москва дэт еджапIэ цIэрыIуэр - Щукиным и цIэр зезыхьэ театр училищэр - 1975 гъэм къэзыухауэ щыта адыгэ студием хэтащ.

Адыгэ театрым зэрыщылэжьа зэманым кърихубыдэу роль гукъинэж куэд игъэзэщIащ Джэдзауэ Венерэ. Апхуэдэхэщ Флетчер Джон и «Щхьэгъусэ зэрагъасэр» комедиер, Нэш Ричард и «Уэшх зыщэр» драмэр, Робер Тома и «Лъагъуныгъэм текIуэдахэр» комедиер, Иоселиани и «Хъыджэбзибл къыдэнэжар» комедиер, КъардэнгъущI Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагъэ» драмэр, ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым къытращIыкIа драмэр, сабийхэм щхьэкIэ ягъэува «Алий-Баба» спектакль-таурыхъыр, нэгъуэщIхэри. А лэжьыгъэхэр республикэм и театр гъуазджэм и фIыпIэхэм ящыщщ.

Нэхъыжьхэм зэрыжаIэжымкIэ, и IэщIагъэм псэемыблэжу хущыт Венерэ и актёр Iэзагъэр хьарзынэу хуэкIуэрт гурыщIэ лъагэхэм хуэгъэпса драмэхэм. Абы фIыуэ щыхьэт тохъуэ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ», «Эдип» пьесэхэм зэрыщыджэгуар. «Тыргъэтауэ» спектаклыр япэу щагъэувам (1977 гъэм), режиссёр Теувэж СультIан роль нэхъыщхьэр яритауэ щытащ ЖьакIэмыхъу КIунэрэ Джэдзауэ Венерэрэ икIи артисткэ гъуэзэджэхэм я зэфIэкIхэмкIэ Теувэжым дэгъуэу къигъэнэIуэфащ а образым и лъэныкъуитI зи гугъу тщIыхэр. Тыргъэтауэ и образыр гуитIщхьитI узыщIт. Зы лъэныкъуэкIэ ар бийхэр зыгъэгулэз дзэзешэт, хэку Iуэху хъуамэ, гущIэгъур езыкъухыф зауэлIщ, «уи нэм къеIэм, и псэм еIэ» щытыкIэм къыщихутэхэм деж, псэ зыгъэныф цIыхубз джатэрыхахуэщ; нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ а образым укъыщеплъыжмэ, - Тыргъэтауэ бзылъхугъэ, щхьэгъусэ дахэщ икIи щабэщ, анэ гумащIэщ икIи гущIэгъулыщ.

ГумащIагъэр, псэ щабагъэр япэ къызыфIищ бзылъхугъэм и гурыгъу-гурыщIэхэр къэгъэлъэгъуэныр фIы дыдэу къехъулIащ Джэдзауэ Венерэ. И лэжьэгъухэм къызэраIуэтэжымкIэ, гукIи псэкIи Венерэ а ролым елэжьащ. Репетицэхэр иуха нэужьи къанэрэ, режиссёрым къызэрыжриIам тету, сценэр къызэхикIухьу куэдрэ итт ар, и репликэхэр Iущэщэжу жиIэу, тхыгъэмрэ джэгукIэмрэ игу хуэзэгъэху зэхуигъакIуэу.

Венерэ и лэжьэгъухэм, ныбжьэгъухэм ягу къагъэкIыж ар цIыху псэ хьэлэлу, гуапэу, пщэфIэнкIэ Iэзэу, шыгъупIастэкIэ хьэлэлу зэрыщытар. Дэрбзэр IэщIагъэми хуэIэкIуэлъакIуэт Венерэ, зэрыджэгуну щыгъынхэм ящыщ, абыхэм я Iыхьэ гуэрхэр езым и IэкIэ игъэхьэзырыжт, и гримыр зытезылъхьэжри езырат. Абы и артист Iэзагъэхэм хэплъагъуэ нэщэнэхэм ящыщт мыри: кърата ролым зэризэгъэнум псэемыблэжу елэжьырт, бзылъхугъэ нэсу зызылъытэж дэтхэнэми хуэдэу, зэпымыууэ хущIэкъурт дахэу къызэрынэжынум. Венерэ зигъэдахэ къудейтэкъым, атIэ дахэт. Апхуэдэу цIыхум я нэгум щIэтыну икIи къыщIэнэну хуейт. Илъэс 30-м нэблагъэкIэ лъэпкъ театрым псэемыблэжу хуэлэжьа, лъэужь дахэ къэзыгъэна артисткэ гъуэзэджэр апхуэдэу цIыхум я гум къинащ.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.

МВД-м и тхыдэ музейм

Республикэ МВД-м и тхыдэ музейм щекIуэкIащ хабзэхъумэ IэнатIэм и ветеранхэр, Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу республикэм щыIэм и Iуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ, Шэрэдж къудамэхэм я лэжьакIуэ зи щIалэгъуэхэр, апхуэдэуи «Строитель» Къэбэрдей-Балъкъэр колледжым и студентхэр зыхэта зэIущIэ.

НАЛШЫК къалэ ОВД-м и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ КIэрэф Борис, абы хэт Ульбашев Сахьэдин, музейм и унафэщI Казаченкэ Еленэ сымэ кърихьэлIахэм ядэгуэшащ я гукъэкIыжхэмкIэ, тепсэлъыхьащ хабзэхъумэ органхэм я тхыдэм икIи къыхагъэщащ абы щIэблэщIэм къыпащэну зэрыщыгугъыр.

ОМВД-м и лэжьакIуэ зи щIалэгъуэхэм я дежкIэ зэIущIэр лIыгъэм и дерс хъуащ. Зи гъащIэр хабзэр хъумэным къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIа ветеранхэр абыхэм ядэгуэшащ я Iэзагъымкlэ, тепсэлъыхьащ я IэщIагъэм пылъ гугъуехьхэмрэ абы къуит дэрэжэгъуэмрэ музейм, ерыщу икIи тхьэрыIуэм хуэпэжу IэнатIэм пэрытыным мыхьэнэшхуэ зэриIэм.

«Строитель» колледжым и студентхэм музейм зэрызыщаплъыхьам Iэмал къаритащ хабзэхъумэ органхэм я тхыдэмрэ лэжьыгъэмрэ зыщагъэгъуэзэну. Абыхэм къащIащ лэжьакIуэхэм я лIыхъужьыгъэхэр, МВД-м и IэнатIэр зэрызэфIэувар, полицэм жылагъуэ гъащIэм щигъэзащIэ къалэныр зэрыиныр.

ЗэIущIэм и кIэухыу ветеранхэм студентхэм я упщIэ куэдым жэуап зэпкърыха иратащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Гъуэгуфlхэм къыхагъахъуэ

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкI гъуэгу лэжьыгъэхэм 2026 гъэми пащэнущ.

НОБЭ зи гугъу тщIыну лэжьыгъэхэр хуэгъэпсащ республикэм и щIыпIэ дахэхэмрэ щэнхабзэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэмрэ уахуэзышэ транспорт инфраструктурэр егъэфIэкIуэным.

Абыхэм ящыщу, нэхъапэ ирагъэщыпхъэхэм хохьэ Малкэ – Ингушли автомобиль гъуэгум и Iыхьэу, «Нарзанхэм я ауз» эко-паркымрэ Джылы-Су аузымрэ хуэкIуэ гъуэгур. Мардэм кърагъэтIэсэну а щIыпIэм километр 12-м нэблагъэ и кIыхьагъщ.

Шэджэм щIыналъэм и Шэджэм псыкъелъэхэр, «Флай Шэджэм» паркыр, «Шэджэм Ипщэ» комплексыр, Кулиев Къайсын и унэ-музейр, Кум-Тюбе тафэр зэпызыщIэ, Шэджэм ЕтIуанэ – Булунгу автомобиль гъуэгум иращIылIэ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр и кIэм нэблэгъащ.

ИпэIуэкIэ, а гъуэгум хыхьэу километр 12-м щIигъу зыхуей хуагъэзащ, лъэмыжу 14 къыщагъэщIэрэщIэжащ, километри 10-м щIигъу гъуэгур къызэщIагъэнэхуащ. Лэжьыгъэу къэнар дызэрыт илъэсым зэфIагъэкIынущ.

КъищынэмыщIауэ, Шато-Ерчэн турист комплексым ухуэзышэ, Налшык – Май автомобиль гъуэгум и Iыхьэр, километри 6,1-рэ зи кIыхьагъыр, мы гъэм къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Гу зылъытапхъэ

Бэрэгъуным и пшыхьым фрагъэблагъэ

Республикэм щыпсэухэу, абы и хьэщIэхэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм фрегъэблагъэ УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Бэрэгъун Владимир Хьэтызэ и къуэм и фэеплъ пшыхьым. Ар ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щIышылэм и 30-м щекIуэкIынущ.

ЩыщIидзэнур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

ФызыщIэупщIэн щыIэмэ, фыпсалъэ хъунущ 42-43-13 телефонымкIэ.

ЗэкIэ зыри гурыIуэгъуэкъым

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм зэпеуэм дапщэщ щыщIидзэнуми хэт сымэ щыджэгунуми зэкIэ гурыIуэгъуэкъым. Абы щхьэкIэ къэмынэу командэхэм зэхьэзэхуэм ерыщу зыхуагъэхьэзыр.

ИЛЪЭСЫЩIЭР къихьэным ипэкIэ къызыхуэсыжа «Спартак-Налшыкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм зыщегъасэ. ЗэкIэ нэхъ зытрагъащIэр я къарур зэрызрагъэубыдыжынырщ, къахыхьэну зыхуагъэфащэхэм я зэфIэкIыр здынэсыр зэхагъэкIынырщ. Абыхэм къадэкIуэу зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэри ирагъэкIуэкI.

ЗэрыфщIэжщи, дыгъэгъазэм и кIэухым ди щIалэхэр ядэджэгуащ Ставрополь крайм и чемпионатым хэт «Динамо-СУОР»-мрэ зи ныбжьыр илъэс тIощIрэ блым щIимыгъуэхэр щызэхуашэса Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхамрэ. Япэм 2:1-уэ, етIуанэм 4:0-у «Спартак-Налшыкыр» щытекIуащ.

ИлъэсыщIэ дауэдапщэхэр зэфIэкIа иужькIэ гупыр аргуэру къызэхуэсыжащ икIи зыгъэхьэзырыныгъэхэм пащащ. Ар зэрекIуэкIыр кърапщытэу иджыблагъэ зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ ЕсэнтIыгу къалэм Мейкъуапэ и «Дружба»-м щыдрагъэкIуэкIащ. «Спартак-Налшыкым» и фащэр щыгъыу абы хэтащ гъуащхьэтет Къумыкъур, гъуащхьэхъумэхэу КIэдыкIуейр, Бабахановыр, Пириевыр, Балъкъызыр, гъуащхьэхъумэныкъуэхэу Гирзишевыр, Селяевыр, Блийр, гъуащхьауэхэу Урысыр, Сарбашевыр, Ибрагимовыр. Налшыкдэсхэм тепщэныгъэр яIыгъащ икIи Ибрагимовым дигъэкIа топым и фIыгъэкIэ япэ ищащ.

Загъэпсэхуауэ къыщихьэжым командитIми я футболист псори яхъуэжащ, псори ягъэджэгун папщIэ. Иджы «Спартак-Налшыкым» и щIыхьыр яхъумэрт Каркаевым, Архэстым, Гъуэгузокъуэм, Жабоевым, Кенжевым, Болэтокъуэм, Дзыгулым, Пекъум, Филимоненковым, Черкесовым, Кумыщым. Мыхэр я хьэрхуэрэгъухэм япэщIэтыфакъым икIи Мейкъуапэ и «Дружба»-м и футболистхэм бжыгъэр зэхуэдэ ирагъэщIыжащ. Арати, 2026 гъэм и япэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» зэрытемыгъэкIуауэ, 1:1-уэ, ирагъэухащ. АдэкIи зыгъэсэныгъэм пащэнущ.

Хъыбар къызэрытIэрыхьамкIэ, Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыну щIыкIэр зэкIэ яубзыхуакъым. Абы щыгъуэми наIуэщ нэгъабэ ди хьэрхуэрэгъуу щытахэу Мэхъэчкъалэ и «Легион»-р, Сочэ и етIуанэ командэр, Новопавловск и «Кубань Холдинг»-р зэпеуэм зэрыхэмытынур – ахэр зэхуащIыжащ е я щIыналъэм щекIуэкI чемпионатхэм хэтынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Шынагъуэншэ зекIуэ

Гъуэгу техьэ гъуэгу тенэркъым, жаIэ адыгэхэм. Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэ цIыхур гъуэгу техьэми, къыпэплъэнкIэ хъуну лъэпощхьэпохэм егупсысын, зыIуэнкIэ хъуну гугъуехьхэр зэригъэзэхуэн хуейщ.

УНАГЪУЭР гъуэгу тезышэр егупсысыпхъэщ абы и шынагъэншагъэр къызэрызэригъэпэщынум, щIежьа Iуэхухэр нэщIэбжьэ къыхэмыкIыу дахэкIэ кърихьэлIа зэрыхъунум. Нэхъыщхьэр зыхуей хуэзэмэ, гъуэгум уигъэщхьэрыуэркъым, жаIэри, уздежьам унигъэсынущ, уи Iуэхухэри зэфIигъэкIынущ. Ауэ къыщыхъу щыIэщ а псор щызэпамышачи. А щытыкIэр гъэзэкIуэжыным теухуащ щIэх-щIэхыурэ хабзэхъумэхэм IуащхьэмахуэщIыналъэм къыщыхалъхьэ «Шынагъуэншэ зекIуэ» жэрдэмыр.

Мызыгъуэгум хабзэхъумэхэм я гукъэкIым къызэщIиубыдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэм – Iуащхьэмахуэ лъапэм – хамэ щIыпIэхэм къикIыурэ зыплъыхьакIуэ къэкIуахэр. Хабзэхъумэхэм я гъуазэ дерсхэм щIэдэIуащ цIыху 200-м нэблагъэ.

Дызэрыщыгъуазэи, зыплъыхьакIуэ къэкIуахэм хэти махуэ бжыгъэщ зэрызиIэжьэр, хэти тхьэмахуэ зыбжанэкIэ щIыпIэхэм къыщонэ. Кавказым хыхьэ щIыналъэхэр зэплъытмэ, ущызекIуэнкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгылъэ гъуэгухэр нэхъ тыншу къыщIэкIынщ. ЦIыху къызэрыгуэкIхэм къыхахри аращ – ялъагъури гукъинэж хъууэ, я зекIуэкIэми гугъуехь куэд хэмылъу. Псалъэм и хьэтыркIэ, Дагъыстэным и зы щIыпIэм уикIыу нэгъуэщI щIыпIэ укIуэнумэ, бгы куэщI задэхэм уиту, гъуэгу бгъузэ гъэшыбэхэм утету сыхьэт зыплIытхум нэскIэ укIуэнущ. Абы елъытауэ, ди къуршхэм щызекIуэгъуафIэщ, уздэкIуэми псынщIэу унос. Апхуэдэу щыт пэтми, хамэ щIыпIэ къикIахэм я дежкIэ бгыхэр бгылъэщ, я пIалъэ умыщIэмэ, щIэщхъу къишэнкIэ хъунущ. Аращ нэхъыщхьэу къалъытар КъБР-м Гъуэгу IуэхухэмкIэ и къэрал къулыкъущIапIэмрэ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щиIэ къудамэмри.

Апхуэдэу къулыкъущIапIэхэм хэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зыплъыхьакIуэ къакIуэхэм, пыухыкIауэ жыпIэмэ, Iуащхьэмахуэ щIыналъэм къихьэхэм, зыхуагъэзащ гъуэгуанэшхуэ къызэпызыча я машинэхэм яIэнкIэ хъуну ныкъусаныгъэхэм я нэIэ трагъэтыну, иужьрей махуэхэм дунейм иIэ щытыкIэр къалъытэкIэрэ, псырэ хущхъуэкIэ мыбэлэрыгъыну, ешауэ е гукъыдэмыжу гъуэгу темыхьэну, здэкIуэ щIыпIэм и гъунэгъуу щыIэ IуэхущIапIэхэр, абдеж къекIуалIэбгъэдэкIыж гъуэгухэр зрагъэщIэну.

Хабзэхъумэхэр гулъытэ хэха хуащIащ гъуэгурыкIуэ ныбжьыщIэхэм я зекIуэм шынагъэу хэлъынкIэ хъунур нэхъ мащIэ щIын зэрыхуейм. Апхуэдэу машинэ зезыхуэхэм ягу къагъэкIыжащ сабийхэм я ныбжьым, хьэлъагъым, лъагагъым елъытауэ здэщыс тIысыпIэр къызэгъэпэщауэ, абы хэлъ зэрызрапхэ кIапсэхэр япщIэхэлъу зэрыщытыпхъэр. Сабийхэм щхьэхуэу хабзэхъумэхэм къытрагъэзэжурэ зыхуагъэзащ: машинэр къэувыIэу къикIыхункIэ, псыр япщIэхэлъу зекIуэн зэрыхуейр, щхьэгъубжэр ирамыгъэжэхмэ зэрынэхъыфIыр, машинэр зезыхуэр псалъэмакъ лей иращIылIэу гъуэгум трамыгъэщхьэрыукIынми зэрыхуэсакъыпхъэр ягу къагъэкIыжащ.

«Кавказ лъэпкъхэр хьэщIэкIэ фIыщ. Хэгъэрей пхуэхъунум и щIы кIапэ укъытехьакъэ – абы ущызекIуэху и нэIэ къыптетынущ, уи Iуэхур зэфIэкIыхукIэ уибгынэнукъым. Дэри аращ: хьэщIэр ди гуапэщ, тфIэфIщ. Зэи тщыгъупщэркъым Iуэхугъуит I. ДыкъызэралъагъуэщIыкIэращ ди лъахэми фэуэ кърапльынур – ар зы лъэныкъуэкIэ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIи – къытхыхьахэм дазэрыхуэсакъ щIыкIэращ ахэр етIуанэу ди щIыпIэхэм къизышэжынур. Арыхххэуи, къакIуэхэри зыхуэкIуэхэри зэрыщIэн, зым жиIэм адрейр едэIуэн хуейщ. Бгылъэм и пIалъэр зыщIэхэм жаIэм уедаIуэрэ къагъэув Iуэхугъуэхэр бгъэзащIэмэ, уи шынагъуэншагъэр къызэбгъэпэщауэ арищ, уи щхьэми, зи щхьэ уи Iэм илъхэми я щыIэныгъэм ухуэсакъащ. Дэ къытлъысыр щыIэ хабзэхэм бзэ дахэрэ ущиекIэ цIыхухэр щыдгъэгъуэзэнырщ, ахэр къащтэнуми зыхалъхьэнуми хуитыр езыхэрщ. ДяпэкIи тлъэкI къэдгъэнэнукъым япэу ди щIыналъэм къихьэхэм я зекIуэр нэхъыфI зыщIын чэнджэщхэмкIэ дадэгуэшэн, здэкIуэ щIыпIэм елъытауэ щыIэ лъэпощхьэпохэмкIэ дгъэгъуэзэн папщIэ, – жиIащ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щиIэ къудамэм и унафэщIым и къалэныр зыгъэзащIэ Атмурзаев ТIэхьир.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.203
Заказыр №134
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынир и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь Къаншокъуэ Эллэ, *корректорхэу* Нэужьокъуэ Заирэ *(1, 4-нэ нап.)*, Елмэс ФатIимэ *(2, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.